 tran Gandamayit.'
- (42) *Tembung mau asal-e saka basa Sansekerta, kang banjur*
 kata tadi asal-nya dari bahasa yang kemudian
di-jawa-kuna(k)-ake.
 di-jawa-kuna-kan
 'Kata itu, asalnya dari bahasa Sansekerta, yang kemudian dijawa-
 kunakan.'
- (43) *Manuk sa-jodho kang endhas-e wujud sirah manungsa.*
 burung se-pasang yang kepala-nya wujud kepala manusia
 'Sepasang burung yang kepalanya berwujud kepala manusia.'
- (44) *Ndilalah priksa pandhita kang ka-ton-e tentrem ati-ne.*
 kebetulan melihat pendeta yang tampak-nya tentram hati-nya.
 'Kebetulan melihat pendeta yang tampaknya tentram hatinya.'
- (45) *Aku ora seneng marang kang ngumukake (N-umuk-*
 saya tidak senang kepada yang menyombongkan (meN-(s)ombong-
ake) ka-luwih-an-e.
 kan) ke-lebih-an-nya
 'Saya tidak senang kepada yang menyombongkan kelebihannya.'
- (46) *Apa sing kita atur-ake ing dhuwur iku, sa-temen-e wis dudu*
 apa yang kita sampai-kan di atas itu, se-betul-nya sudah bukan
gagas-an anyar.
 gagas-an baru
 'Apa yang kita sampaikan di atas itu, sebetulnya bukan gagasan
 baru.'
- (47) *Dheweke ora ngerti sapa sing teka rene.*
 dia tidak tahu siapa yang datang sini
 'Dia tidak tahu siapa yang datang kemari.'

Berdasarkan strategi yang dikemukakan oleh Givon (1976) dari contoh (39) sampai dengan (44) kita akan memperoleh dua macam klausa relatif dan contoh (45-47) tidak termasuk dalam pengamatan Givon. Jadi, ada tiga macam

klausa relatif. Pertama, klausa relatif dalam contoh (39-42); kedua, klausa relatif dalam contoh (43) dan (44); dan ketiga, klausa relatif dalam contoh (45-47).

Keenan dan Comrie mengemukakan bahwa dalam kebanyakan bahasa Austronesia Barat subjek klausa relatif bersifat koreferensial dengan konstituen induknya (dikutip dalam Foley, 1976:20). Selanjutnya mereka mengatakan bahwa perelatifan dilakukan dengan melesapkan subjek klausa relatif. Sebagai contoh, penulis kutipkan salah satu data Foley dalam bahasa Toba Batak.

- (48) *Dakdanak na mang-allang kue i.*
 anak ligatur aktif-makan kue artikel definit
 'Anak yang makan kue.'

Jika dikatakan bahwa subjek klausa relatif yang berkoreferensi dengan konstituen induk dalam contoh (48) itu dilesapkan, berarti subjek klausa relatif itu diandaikan dapat dimunculkan secara formatif meskipun bentuknya menjadi tidak umum terdapat. Hal ini tidak terbukti dalam data Foley. Klausa relatif dalam contoh (48) di atas ditandai dengan adanya penanda morfemis pada verba relatifnya, yaitu *mang-* pada *mangallang*, yang menentukan hubungan sintaktis dan semantis antara verba relatif dengan konstituen induk. Inilah yang disebut Verhaar "koreferensialitas fokus" (1981:30).

Bahasa Jawa yang juga termasuk bahasa Austronesia Barat salah satu strategi perelatifannya sama dengan contoh bahasa Toba Batak di atas, seperti terlihat pada contoh (39-42). Seandainya argumen klausa relatif yang berkoreferensi dengan konstituen induk dilesapkan, kita dapat mengandaikan bahwa argumen itu dapat dimunculkan dalam bentuk penyebutan ulang dengan penanda definit kalau konstituen induk belum definit atau dalam bentuk pronomina sehingga menjadi berikut.

- (49) *. . . *barang sing barang mau kanthi gampang bisa dipasrahake wong liya.*
 (50) *. . . *bocah mau dadi wong kang wong mau tegel nyiksa utawa matèni wong.*
 (51) **Dhewi Uma kang panjenengane mau banjur sinebut Bethari Durga . . . (?)* (Tanda tanya berarti meragukan)
 (52) **Tembung mau asale saka basa Sansekerta, kang tembung mau banjur dijawakunakake.*

Data bahasa Jawa ini memperkuat pendapat Verhaar (1981) mengenai "koreferensialitas fokus" dalam banyak bahasa di Indonesia dan Filipina. Dengan demikian, dapat kita jelaskan bahwa dalam verba relatif *dipasrahake* dalam (39) terdapat penanda fokus peran semantis penderita, yaitu afiks *di-/ake* dan *barang* sebagai peran semantis penderita. Dalam (40) verba relatif *nyiksa* dan *mateni* mengandung penanda fokus peran semantis pelaku, yaitu afiks nasal *ny-* dan *m-* dan *wong* sebagai pelakunya. Di dalam *sinebut*, contoh (41) terdapat penanda fokus atau penanda morfemis *-in-* yang menandai argumen penderita, yaitu *Dhewi Uma*. Argumen ini secara sintaktis menduduki fungsi subjek klausa relatif dan subjek klausa inti dan secara semantis berperan sebagai penderita klausa relatif serta sebagai pelaku klausa inti. Di dalam (42) *dijawakunakake* mempunyai penanda morfemis *di-/ake* yang menandai argumen penderita, yaitu *tembung mau*. Klausa relatif dalam (42) itu posisinya terhadap konstituen induknya berbeda dengan ketiga klausa relatif sebelumnya. Ketiga klausa relatif sebelumnya tidak diekstraposisikan oleh suatu konstituen induknya. Klausa relatif dalam (42) diekstraposisikan oleh *asale saka basa Sanskerta* sehingga posisinya bergeser ke posisi paling belakang. Contoh lain yang sejenis dengan klausa relatif itu, misalnya:

- (53) *Bocah iku butuh pe(N)-dhidik-an ing sekolah kang bisa*
 anak itu butuh pe(N)-didik-an di sekolah yang dapat
nyengkuyung (N-(s)engkuyung) mekar-ing ka-diwasa-n-e.
 menunjang (meN-(t)unjang mekar-ligatur ke-dewasa-an-nya
 'Anak itu membutuhkan pendidikan di sekolah yang dapat menunjang mekarnya kedewasannya.'
- (54) *Ana priyayi saka ITB kang k-asil nemokake (N-(t)emu-(k)-ake)*
 ada priyayi dari yang berhasil menemukan (meN-(t)emu-kan)
lambang kang bisa makili (N-(w)akil-i) selaras-e lingkungan hidup.
 lambang yang dapat me-wakil-i selaras-nya lingkungan hidup
 'Ada priyayi dari ITB yang berhasil menemukan lambang yang dapat mewakili keselarasan lingkungan hidup.'

Data itu mendukung teori Foley mengenai "hierarki keterikatan"⁴ (*bondedness hierarchy*), yaitu kaidah yang mengatur penggunaan ligatur di dalam bahasa-bahasa Austronesia, yang menghubungkan nomina dengan atribut non-nominal yang disebutnya adjunk. Ada tujuh macam adjunk yang dapat dirangkaikan dengan nomina oleh ligatur secara hierarkis. Dia membuktikan bahwa adjunk yang berupa klausa relatif dalam bahasa-bahasa Austronesia terdapat

pada hierarki yang terendah; keterikatan nomina dengan klausa relatifnya longgar sehingga hubungan sintaktisnya dirangkaikan oleh ligatur secara wajib (*obligatory*).

Keempat klausa yang telah kita bicarakan di atas, menurut Givon (1976) strategi perelatifannya sesuai dengan strategi kedelapan, yaitu strategi penanda verba.

Selanjutnya kita menginjak pada tipe klausa relatif kedua, yaitu dalam (43) dan (44). Klausa relatif dalam (43) mempunyai subjek yang koreferensial dengan konstituen induknya, yaitu *endhas* dengan penanda posesif *-é* yang berkoreferensi dengan konstituen induknya *manuk sajodho*. Dalam hal ini verba relatif atau predikat relatifnya tidak berpenanda fokus karena berbentuk monomorfemis. Namun demikian, kita mengetahui bahwa predikat relatif itu memerlukan lebih dari satu argumen; argumen pertama, yaitu *endhasé* dan argumen kedua, *sirah manungsa*. Argumen pertama itulah yang menjadi subjek klausa relatif, sedangkan konstituen induknya, yaitu *manuk sajodho* merupakan topik karena tidak memiliki hubungan sintaktis-semantis dengan predikat yang ada dalam kalimat itu. Seandainya kalimat itu diperluas, menjadi sebagai berikut.

- (55) *Manuk sa-jodho, kang endhas-e wujud sirah manungsa,*
burung se-pasang yang kepala-nya wujud kepala manusia
mencok (N-(p)encok) ing jendhela.
hingga di jendela

'Sepasang burung, yang kepalanya berwujud kepala manusia, hinggap di jendela.'

Dalam (55) *manuk sajodho* berperan ganda, yaitu sebagai topik dan sebagai subjek klausa inti. Klausa relatif yang sejenis dengan (43), yaitu yang terdapat dalam (44). Subjek klausa relatifnya, yaitu *ati* dengan penanda posesif *-né* yang koreferensial dengan konstituen induknya, *pandhita*. Predikat relatifnya juga tidak berpenanda fokus karena berbentuk monomorfemis dan berargumen satu, *atine*, yang menduduki fungsi subjek klausa relatif. Konstituen induknya, *pandhita* berperan sebagai topik. Klausa relatif ini berbeda dengan yang terdapat dalam (43) karena subjek relatifnya berada di sebelah kanan predikat relatif. Mengapa hal itu dapat terjadi? Verhaar (1981:32) mengemukakan pendapat bahwa hubungan pemilik, *pandhita*, dan termilik, *atine* bersifat tak terpisahkan (*inalienable possession*). Berbeda halnya dengan klausa relatif berikut ini.

- (56) *Dheweke iku guru sing murid-e pinter-pinter.*
dia itu guru yang murid-nya pandai-pandai

'Dia itu guru yang muridnya pandai-pandai.'

Dalam (56) hubungan pemilik, *guru*, dan termilikinya, *muride*, bersifat terpisahkan (*alienable possession*) sehingga posisi subjek relatif tidak dapat dipindahkan ke sebelah kanan predikat relatif. Seandainya dipindahkan, menjadi tidak purnabentuk.

(57) **Dheweké iku guru sing pinter-pinter muride.*

Penulis menyangsikan pendapat Verhaar. Penulis kutip contoh dari Verhaar.

(58) Guru ini, yang anaknya meninggal,

Verhaar mengemukakan bahwa contoh (58) di atas jika subjek dan predikat relatifnya dipermutasikan, menjadi tidak purnabentuk karena hubungan pemilik dan termilikinya bersifat terpisahkan.

(59) *Guru ini, yang meninggal anaknya,

Berbeda halnya dengan klausa relatif dalam kalimat berikut (dari Verhaar),

(60) Saya mau membeli rumah itu, yang atapnya dibongkar.

yang subjeknya dapat dipermutasikan dengan predikatnya,

(61) Saya mau membeli rumah itu, yang dibongkar atapnya.

karena hubungan pemilik dengan termilikinya bersifat tak terpisahkan. Bagaimanakah seandainya kalimat (58) kita jadikan demikian?

(62) Guru ini, yang meninggal anaknya bukan istrinya.

Dalam kalimat di atas "yang" kecuali sebagai penanda klausa relatif juga berfungsi sebagai pemberi tekanan pada klausa yang mengikutinya dan berfungsi mengkontraskan. Kalimat (59) menjadi tidak purnabentuk jika dijadikan sebagai berikut.

(63) *Guru ini, yang meninggal anaknya, minta cuti satu minggu.

Kalimat (58) jika dijadikan sebagai kalimat (64) juga tidak purnabentuk.

(64) *Guru ini, yang anaknya meninggal bukan istrinya.

Kalimat (64) menjadi purnabentuk jika dijadikan (65)

(65) Guru ini, yang anaknya meninggal, minta cuti satu minggu

Seandainya kata "ini" dalam kalimat (62) di atas dilesapkan dan subjek relatifnya diletakkan di belakang predikat relatifnya sehingga menjadi kalimat (66), kalimat ini memang menjadi tidak purnabentuk.

(66) *Guru yang meninggal anaknya bukan isterinya.

karena predikat relatifnya, *meninggal*, memiliki penanda morfemis *me-* sebagai penanda fokus pelaku, yaitu "anaknya", yang dalam (66) sifatnya salah letak sehingga menjadi tidak purnabentuk. Jadi, kata "ini" dan konstituen sesudah klausa relatif dalam (62) dan (65) yang menentukan dapat tidaknya subjek relatif dipermutasikan dengan predikat relatifnya bukan pemilik dan termilik yang bersifat terpisahkan atau tak terpisahkan. Hal ini dapat dibuktikan dengan contoh (43). Subjek relatifnya, *endhas* dengan penanda posesif *-e* yang koreferensial dengan konstituen induknya, *manuk sajodho*, yang berfungsi sebagai termilik dan *manuk sajodho* yang berfungsi sebagai pemilik yang tak terpisahkan, ternyata terasa janggal jika subjek relatifnya diletakkan di belakang predikat relatif.

(67) *Manuk sajodho kang wujud sirah manungsa endhase.(?)*

Kalimat (67) itu menjadi terasa tidak janggal jika dijadikan sebagai berikut.

(68) *Manuk sajodho kuwi kang wujud sirah manungsa endhase dudu burung sepasang itu yang wujud kepala manusia kepala-nya bukan buntut-e. ekor-nya*

'Burung sepasang itu yang berwujud kepala manusia kepalanya bukan ekornya.'

Kalimat (57) dapat pula kita jadikan purnabentuk dengan menambah konstituen yang bersifat mengkontraskan menjadi (69).

(69) *Dheweke iku guru sing pinter-pinter murid-e dudu anak-e. dia itu guru yang pinter-pinter murid-nya bukan anak-nya*

'Dia itu guru yang pandai-pandai muridnya bukan anaknya.'

Barangkali pendapat penulis di atas masih bersifat sementara karena tidak didukung oleh data yang memadai, yang belum terpenuhi dalam kesempatan ini.

Klausa relatif tipe kedua yang baru saja dibicarakan di atas strategi perelatifannya tidak terdapat di dalam strategi perelatifan yang dikemukakan oleh Givon (1976). Strategi perelatifannya dengan memunculkan subjek relatif dengan penanda posesif yang berkoreferensi dengan konstituen induknya.

Sekarang tiba saatnya kita membicarakan tipe klausa ketiga dalam contoh (45-47). Ketiga kalimat itu penulis kutip kembali dalam (70-72).

(70) *Aku ora seneng marang kang ngumukake kaluwihane. :*

(71) *Apa sing kita aturake ing dhuwur iku, satemene wis dudu gagasan anyar.*

(72) *Dheweke ora ngerti sapa sing teka rene.*

Dalam contoh (70) terdapat klausa relatif tanpa konstituen induk, yaitu *kang ngumukaké kaluwihané*. Namun demikian, kita mengetahui bahwa konstituen induknya dilesapkan karena kita dapat mengandaikan bahwa konstituen induk itu ada dan dapat dimunculkan secara formatif menjadi,

(73) *Aku ora seneng marang wong kang ngumukake kaluwihane.*
saya tidak senang kepada orang yang menyombongkan kelebihannya
'Saya tidak senang kepada orang yang menyombongkan kelebihan-nya.'

Dengan meminjam istilah Downing (1978), Verhaar (1981:14) menyebut klausa relatif dalam (70) itu klausa relatif yang bersifat "replasisf" karena klausa jenis ini secara keseluruhan dapat menggantikan konstituen induknya. Gejala ini menimbulkan suatu pertanyaan, identikkah klausa relatif dengan klausa adjektival? Seandainya jawabannya tidak, akan membatalkan pendapat penulis tentang identitas klausa relatif. Dalam (70) ternyata klausa relatif itu menduduki fungsi objek berpreposisi tidak menduduki fungsi modifikator. Pertanyaan ini belum sempat terjawab dalam pengamatan yang sifatnya singkat ini.

Klausa relatif dalam (71) berbeda dengan klausa relatif dalam (72). Klausa relatif dalam (71) konstituen induknya berupa pronomina interogatif (istilah Kaswanti Purwo, 1984:149), yaitu *apa*, yang opsional karena dapat dilesapkan tetapi tidak dapat dipermutasikan dengan konstituen induknya.

(74) *Sing kita aturaké ing dhuwur iku,*

(75) **Sing kita aturake ing dhuwur iku apa,*

Klausa relatif dalam (74) yang tanpa konstituen induk menjadi bersifat replasisf karena secara keseluruhan dapat menggantikan nomina dan menduduki fungsi subjek. Gejala ini pun memperkuat pertanyaan tentang identitas klausa relatif dan klausa adjektival.

Pronomina interogatif *sapa* dalam contoh (72) bukanlah konstituen induk klausa relatif *sing teka réné* karena di antara *sapa* dengan klausa relatif itu dapat disisipkan nomina, yang dapat direlatifkan, misalnya,

(76) *Dheweke ora ngerti sapa wong sing teka rene.*

Kecuali itu, kata *sapa* dapat dipindahkan ke posisi paling belakang, menjadi sebagai berikut.

(77) *Dheweke ora ngerti wong sing teka rene sapa.*

Gejala itu betul-betul membuktikan bahwa *sapa* bukanlah konstituen yang direlatifkan melainkan betul-betul pronomina yang bersifat interogatif. Contoh lain yang setipe dengan (72), misalnya,

(78) *Dheweke ora preduli endi sing arep di-tuku.*
dia tidak peduli mana yang akan di-beli

'Dia tidak peduli mana yang akan dibeli.'

(79) *Dheweke takon apa sing di-gawa wong iku.*
dia tanya apa yang di-bawa orang itu

'Dia bertanya apa yang dibawa orang itu.'

Di dalam kedua contoh di atas (78) dan (79) di antara *endi* dan *sing* serta *apa* dan *sing* dapat disisipi nomina yang direlatifkan, dan *endi* serta *apa* dapat diletakkan ke posisi paling belakang.

(80) *Dheweke ora preduli endi barang sing arep dituku.*

(81) *Dheweke ora preduli barang sing arep dituku endi.*

(82) *Dheweke takon apa barang sing digawa wong iku.*

(83) *Dheweke takon barang sing digawa wong iku apa.*

Berbeda halnya dengan kata *apa* dalam contoh (71) yang tidak dapat dipindahkan di belakang klausa relatif. Jadi, kata *apa* di situ betul-betul menggantikan konstituen induk bukan pronomina yang bersifat interogatif.

Klausa relatif tipe ketiga yang baru saja kita bicarakan ini strategi perelatifannya sama dengan tipe pertama, yaitu perelatifan dengan penanda fokus pada predikat relatif. Perbedaannya klausa relatif tipe pertama berkonstituen induk sedangkan klausa relatif tipe ketiga tanpa konstituen induk.

3.2. Klausa Relatif Bahasa Jawa dan "Hierarki Ketercapaian"

Di depan telah dikatakan bahwa "hierarki ketercapaian" Keenan dan Comrie (1976) didasarkan pada kaidah transformasi versi 1965. Mereka berpendirian bahwa nomina yang menduduki fungsi-fungsi gramatikal di dalam kalimat dapat direlatifkan tanpa mengubah informasi kalimat itu. Misalnya, kalimat (84) berikut ini.

(84) *Siti ngirimi (N-(k)irim-i) adhi-ne layang.*
nama orang mengirimi (meN-(k)irim-i) adik-nya surat

'Siti mengirimi adiknya surat.'

Siti yang mengisi fungsi SU dapat direlatifkan dengan ligatur *sing* atau *kang* tanpa ada perubahan morfemis pada kata kerjanya seperti terlihat pada (85)

- (85) *Siti sing ngirimi adhine layang.*
'Siti yang mengirim surat kepada adiknya.'

Jika yang direlatifkan DO, yaitu *adhine*, DO ini terlebih dahulu harus dijadikan SU baru dapat direlatifkan dengan ligatur *sing* atau *kang* dengan perubahan morfemis pada kata kerjanya dari *ngirimi* menjadi *dikirimi*, seperti terbukti dalam contoh berikut.

- (86) *Adhine di-kirim-i layang (dening) Siti.*
'Adiknya dikirim surat (oleh) Siti.
(87) *Adhine sing dikirimi layang (dening) Siti.*
'Adiknya yang dikirim surat (oleh) Siti.

Jika yang direlatifkan IO, yaitu *buku*, IO ini juga harus dijadikan subjek lebih dahulu sebelum direlatifkan. IO tidak dapat dijadikan subjek tanpa mengubah sufiks *-i* pada *ngirimi* menjadi *-ake*: *ngirimake* dan menyisipkan preposisi *marang* di depan *adhine*.

- (88) *Layang di-kirim-ake (dening) Siti marang adhi-ne.*
surat di-kirim-kan oleh kepada adik-nya
'Surat dikirimkan (oleh) Siti kepada adiknya.'
(89) *Layang kang dikirimake (dening) Siti marang adhine.*
'Surat yang dikirimkan (oleh) Siti kepada adiknya.'
(90) **Layang kang dikirimi dening Siti adhine.*

Contoh (90) tidak purnabentuk karena sufiks *-i* pada *dikirimi* menandai argumen yang berperan semantis lokatif atau tujuan (*goal*), yaitu *adhine* seperti pada (84) bukan *layang*. Contoh (88) purnabentuk karena sufiks *-ake* pada *dikirimake* menandai argumen yang berperan objektif dan *layang* memang berperan objektif.

Selanjutnya kita mencoba merelatifkan objek tak langsung dalam kalimat (91) berikut ini,

- (91) *Siti ngirimake layang marang adhine.*

menjadi

- (92) **Marang adhine sing Siti ngirimake layang.*

Klausa relatif dalam (92) tidak purnabentuk karena subjek relatifnya, *Siti*, tidak bersifat koreferensial dengan konstituen induknya, yaitu *adhine*. Korefe-

rensialitas juga merupakan salah satu ciri klausa relatif seperti dikatakan oleh Veerhaar (1981:28–29) bahwa klausa relatif terikat kepada konstituen induknya oleh suatu bentuk koreferensialitas.

Data di atas memperkuat pendapat Keenan dan Comrie (1976) bahwa dalam bahasa Jawa hanya subjek sajarah yang dapat direlatifkan menurut "hierarki ketercapaian" yang didasarkan pada kaidah transformasi. Sebetulnya, lepas dari kaidah transformasi tidak hanya subjek yang dapat direlatifkan. Marilah kita mencoba merelatifkan argumen-argumen yang terdapat dalam kalimat (91). Pertama, kita relatifkan argumen yang menduduki fungsi subjek, menjadi sebagai berikut.

- (93) *Siti, sing ibu-ne lagi lara, ngirimake (N-(k)irim-*
nama orang yang ibu-nya sedang sakit mengirimkan (meN-(k)irim-
ake layang marang adhi-ne.
kan surat kepada adik-nya
 'Siti, yang ibunya sedang sakit, mengirimkan surat kepada adiknya.'

Kedua, argumen yang menduduki fungsi objek langsung dapat direlatifkan sebagai berikut.

- (94) *Siti ngirimake (N-(k)irim-ake) layang sing mentas*
nama orang mengirimkan (meN-(k)irim-kan) surat yang baru saja
di-ketik marang adhi-ne.
di-ketik kepada adik-nya
 'Siti mengirimkan surat yang baru saja diketik kepada adiknya.'

Ketiga, argumen yang menduduki fungsi objek tak langsung dapat pula direlatifkan.

- (95) *Siti ngirimake (N-(k)irim-ake) layang marang adhi-ne*
nama orang mengirimkan (meN-(k)irim-kan) surat kepada adiknya
sing (N-(s)ambut gawe ing Jakarta
yang bekerja di Jakarta
 'Siti mengirimkan surat kepada adiknya yang bekerja di Jakarta.'

Akan tetapi, objek langsung dalam contoh (84) bila direlatifkan menjadi tidak punabentuk.

- (96) **Siti ngirimi adhine, sing nyambut gawe ing Jakarta, layang.*

Ketidagramatikalannya kalimat (96) itu membuktikan bahwa argumen yang

berperan lokatif, *adhiné*, jika langsung mengikuti kata kerja bersufiks *-i*, argumen yang berperan objektif, *layang* tidak dapat dipisahkan dari argumen yang berperan lokatif sehingga argumen yang berperan objektif tidak dapat direlatifkan. Akan tetapi, jika argumen yang berperan objektif langsung mengikuti kata kerja yang bersufiks *-ake*, argumen ini dapat dipisahkan dari argumen yang berperan tujuan dan dapat direlatifkan seperti terdapat pada contoh (94). Jadi, penulis berkesimpulan bahwa dalam bahasa Jawa tidak semua nomina dalam posisi mana pun dapat direlatifkan.

4. Kata Penutup

Kiranya masih banyak masalah tentang klausa relatif bahasa Jawa yang belum terungkap di dalam pembahasan singkat ini. Pemerolehan data yang memadai akan memungkinkan peneliti mengungkapkan gejala-gejala yang dapat diamati pada waktu menganalisis data. Data yang dianalisis dalam makalah ini hanyalah data yang diperoleh secara sambil lalu sehingga hasilnya sangat tidak memuaskan. Hal ini pun disebabkan pula oleh pengetahuan penulis tentang teori linguistik yang kurang memadai.

Masalah penting yang belum sempat dibicarakan di sini ialah masalah klausa relatif pembatas (*restrictive relative clauses*) dan klausa relatif peluas (*nonrestrictive relative clauses*), misalnya, klausa relatif dalam kalimat (97).

(97) *Sumi m-elu bojo-ne sing (N-(s)ambut) gawe ing Surabaya.*
nama orang me(N)-ikut suaminya yang be(r)-kerja di nama kota
'Sumi ikut suaminya yang bekerja di Surabaya.'

Kalimat (97) di atas mengandung dua macam informasi karena klausa relatifnya dapat berupa klausa relatif pembatas dan dapat pula berupa klausa relatif peluas tergantung dari konteksnya. Demikian pula pembicaraan tentang klausa relatif dalam kalimat (98).

(98) *Suta weruh bocah sing ngoyak (N-oyak) macan.*
nama orang me-lihat anak yang me(N)-(k)ejar harimau
'Suta melihat anak yang mengejar harimau.'

yang dapat dipertentangkan dengan kalimat (99).

(99) *Suta weruh bocah ngoyak macan.*

Yang pertama, tindakan *ngoyak macan* telah berlangsung dan yang kedua, tindakan *ngoyak macan* sedang berlangsung. Kiranya gejala semacam itu perlu dijelaskan pada kesempatan mendatang.

CATATAN

1. Foley mengutip pendapat Filmore (1968) bahwa dalam tataran klausa terdapat dua aspek, yaitu aspek modalitas dan aspek proposisional.
2. Mengenai kesentralan predikat dalam klausa, periksa Sudaryanto (1983: 187–188) dan Chafe (1970:96).
3. Istilah "konektif" atau "perangkai" yang digunakan Verhaar untuk menyebut partikel "yang" dipinjam dari Downing (1978). Istilah "ligatur" digunakan oleh Verhaar sebagai istilah yang meliputi pengertian pronomina relatif dan konektif.
4. Mengenai "hierarki keterikatan" tidak akan penulis bicarakan panjang lebar di sini. Pembaca yang berminat, penulis persilakan membaca disertasi Foley (1976), disertai Kaswanti Purwo (1984), dan kertas kerja Verhaar dengan judul "On the Syntax of *yang* in Indonesia" (1981).

DAFTAR PUSTAKA

- Arifin, Syamsul dkk. 1984. "Tipe-tipe Klausa Bahasa Jawa". Yogyakarta: Proyek Penelitian Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah, Daerah Istimewa Yogyakarta.
- Chafe, Wallace L. 1970. *Meaning and the Structure of Language*. Chicago: The University of Chicago.
- Cook, W.A. 1969. *Introduction to Tagmemic Analysis*. London: A Holt International Edition.
- Foley, William A. 1976. "Comparative Syntax in Austronesian". Ann Arbor, Michigan: University Microfilms.
- Givon, Talmy. 1979. *On Understanding Grammar*. New York: Academic Press.
- Justus, Carol. 1976. *Relativization and Topicalization in Hittite* dalam Li (ed.) 1976:215-245.
- Kaswanti Purwo, Bambang. 1984. *Dieksis dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: PN Balai Pustaka.
- Keenan, Edward L. and Bernard Comrie. 1979. *Data on the Noun Phrase Accessibility Hierarchy* dalam *Language* June 1979. The Linguistic Society of America.
- Kridalaksana, Harimurti. 1983. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT Gramedia.
- Kuno, Susumu. 1976. *Subject, Theme, and Speaker is Emphathy* in Li (ed.) 1976:417-444.
- Mallinson, Graham and Barry J. Blake. 1981. *Language Typology, Cross-Linguistic Studies in Syntax*. Amsterdam: North Holland Publishing Company.
- Matthews, P.H. 1981. *Syntax*. Cambridge: Cambridge University Press.
- Maxwell, Daniel N. 1979. *Strategies of Relativization and NP Accessibility* dalam *Language* June 1979. The Linguistic Society of America.
- Sudaryanto. 1983. *Linguistik: Esai tentang Bahasa dan Pengantar ke dalam Ilmu Bahasa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University.
- Verhaar S.J., J.W.M. 1980. *Teori Linguistik dan Bahasa Indonesia*. Yogyakarta: Penerbitan Yayasan Kanisius.
- Verhaar, John W.M. 1981. "On the Syntax of *yang* in Indonesia". Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

KALAH AWU *)
Magda Ong Giok Lian

"Minggu ngarep sida kondur tenan ta, Mas?" Pitakon iku sing sangsaya ngyakinake atiné yen Magda selak kepengin ngerti kepriye jablasing pikirane nganti saiki. Pancen selawase bab siji iki katone isih kagubet ing pangira-ira. Ke-para mung kadi dene bedhekan. Seprana-seprene bebasane mung tansah ngoyak ayang-ayang. Lan iku wis ditampa ing atine. Sakarone nglenggana. Nglenggana karena kahanan sing klebu nyebal padatan, uga kanggo kanca-kancane, kanca-kancané Wisnu, lan kanca-kancane Magda. Ora trima tekan semono. Wis adoh tebane, tekan wong tuwane lan sedulur-sedulure Magda.

Kaya nalika iku. Wisnu wis kangsen karo Magda yen sore iku arep teka ing omahé. Beneré, yen Wisnu teka omahe Magda wis ora anèh. Lumrah wae. Sakaroné kaya bocah-bocah enom liyané sing padha jumegur ing pakumpulan remaja. Nanging, soré iku kanggone Magda beda tegesè. Beda karo sing cumondhok ing atine amarga sore iku nduweni teges sing mirunggan. Sore iku dheweke kepengin ngerti kepriye jabare dalan sing selawase iki dipecahi. Dalan iku wis kadung dawa, nanging durung katon wusanane.

Magda lungguh ing ngarepe kaya padatan, ing kamar tamu. Mung, kamar tamu iku dudu kamar tamu sing sok dienggo kumpul-kumpul karo kancane. Kamar iku dumunung ing ngiringan kamar wong tuwane Magda. Wisnu lagi tanggap yen sore iki ana bab kang wigati lan mesthi Magda nyenggol-nyenggol ngenani dhiriné sing selawasé iki dadi sambang pasrawungan.

"Apa awaké dhewe bakal ngene terus-terusan wae, Mas?" Wisnu gragapan krungu pitakoné Magda. Pikirané bruwet. Jalaran slempit sing selawase iki nggodha ati dadi kanyatan.

"Wis suwé papahku kepengin ngerti, Mas. Kepriye wae yen kahanan iki terus-terusan mengkèné mesthiné saru dinulu. Aja nganti awaké dhewe dadi rerasaning liyan. Aja nganti ana panyakrabawa sing mitunani tumrap awake dhewe, gedhene ngembet-embet keluargane awake dhewe".

Wisnu unjal ambegan dawa. Nanging mripaté ora wani mrepegi raine Magda. Swarané groyok, ora kaya swarané yen ngedhongi mimpin rapat utawa awèh sesorah.

*) "Kalah Awu" adalah pemenang I sayembara mengarang cerita pendek yang diselenggarakan oleh Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta dalam rangka Bulan Bahasa 1984. Pengarangnya Ag. Mulyono Widoyotomo dengan nama samaran Magda Ong Giok Lian.

"Pancen. Awake dhewe wis jumangkah adoh. Nanging kaya-kaya durung ngerti tekan ngendi anggoné bakal mandheg. Pancen iku sing medeni ing saben wektu samangsa aku mlaku bebarengan".

Magda isih ngenteni ukarané Wisnu luwih akèh manèh, kepengin meruhi isi atiné saakeh-akehe. Kepengin ngerti apa sing digagas, apa sing bakal ditindakake. Mula dhèwèke sengaja ora munggel tembungé. Angkahe, kareben ukarane tharik-tharik runtut saengga bakal gampang nyandhak sing digawa Wisnu. Magda wis apal karo lagèyane Wisnu. Yen wis gelem omong prasasat pedhot banyu, ora kena diselani. Nanging, sore iku apa mengkono kanyatane? Magda ora bisa mbadhé. Sing bisa ya mung Wisnu dhèwè.

"Bebasane wong lelayaran rak wusanane tekan pelabuhan", Magda wis ora sabar nunggu tembungé Wisnu. Ukara iku mung kanggo mancing apa sing ginebeng ing atine Wisnu.

"Kajaba ...", tembungé kaya dicandhet. Nanging Magda enggal njablasake mawa tandha pitakon.

"Kajaba yen praune kesempyok ombak ngono, Mas?"

Pitakon iku ora diwangsulí kanthi ganep nganggo ukara. Mung mripate sing kekedhep ngiyani. Wisnu isih bali meneng. Nanging, jroning dhadha kaya ana swara gumludhuging kawah gunung umob arep njeblös.

Saka ngaringan papahe Magda liwat. Kaya adat saben, wong tuwa iku prasasat ora nggape samangsa bocah loro iku padha ngecibris rembugan. Kepara wong saomah iku ora bakal ana sing ngaru biru. Wong saomah iku wis ngerti sapa Wisnu, bocah lanang sing prasasat dikinthal Magda. Lan yèn Magda ora ana omah, kena dipesthekake mulihe bakal diterake Wisnu. Wong saomah iku ora ana rasa pandakwa ala marang blegere Wisnu. Jeneng Wisnu ing njero omah iku entuk biji apik, kepara apik banget sanadyan wong saomah iku durung ana sing ngerti saka ngendi dununge Wisnu, gedhene sapa sing ngukir jiwa ragané. Sajake Wisnu sing katon iku, kaya dene bathara Wisnu sing ngejawantah. Cahyane sing sumunar bisa ngelus kadurakan lan candhala.

"Aku wedi, Magda", tembungé Wisnu mlumpat sawisé papahe Magda ilang saka pandulu. Rainé Magda njengkerut mracihnani ora nyandhak apa sing dikarepake Wisnu. Sing dipandeng tanggap. Banjur metu tembungé.

"Saupama ing sawijining wektu wong tuwaku matur, apa kira-kira papahmu bisa ngertèni?"

Dadakan raine Magda sumringah. Rai sing putih iku dadi abang mining-mining kaya tomat mateng. Kawistara ana rasa bungah sing muncrat ing praupané.

"Awaké dhewé padha dènè ora ngerti, Mas. Nanging, sing paling perlu rak kudu dicoba. Aja nganti mung bakal nunggu cangkriman. Bedhèkane bakal trawaca samangsa kabèh tata cara wis disaranani. Awaké dhewe rak nduweni tata cara, ta? Ngapa tata cara iku ora diwiyak?"

"Aku was kasamaran. Lawang omah iki mesthi ginembok rapet sanadyan aku nyoba nothok."

"Wis yakin, Mas yèn lawang omah iki ginembok rapet? Wong durung dicoba kok macuhi. Iku ateges Mas Wisnu wedi karo ayang-ayangane dhewe. Mangka, gembok iku rak mung dicantholakè waè lan ing sadhengah wektu bisa dibukak".

Magda sing ganti omongane ndlidir runtut dènè Wisnu mung legeg. Magda bali meneng kepengin krungu Wisnu kandha apa sing sumimpen ing pikirane. Dhewèke kepengin duwe Wisnu kaya dènè Wisnu sing cakrak, kaya Narayana sing swarane renyah nanging mentes, swarane mbranyak ngilèni kuping, nyegerake pangrungu. Nanging, nyatanè sorè iki sing ing sangarepe Wisnu sing ilang pamorè, Wisnu sing kelangan kembang Wijayakusuma. Angles lan alum.

"Penjenengan, Mas. Kudunè penjenengan wis tanggap karo aturku. Penjenengan kudunè kaya Bathara Wisnu sing bisa mbadhè apa sing winadi ing omah iki. Omah iki sejatinè wis gumelar padhang."

"Ah, nek ngono aku sing bodho?" wangsulane Wisnu sajak kagèt.

"Bodho lan pinter pancen kudu dibuktekake", sambunge Magda.

"Nanging," durung rampung wangsulane Wisnu selak dipedhot Magda.

"Nanging apa manèh? Apa marga dalan iki rada nyebal padatan, ngono?"

"Ya! Iya iku sing salawasè iki dadi memedi ing gagasanku. Iku sing njalari kuwanenku mandheg mangu."

Magda agahan mronggol gunem.

"Saiki aku ngerti. Yèn Wisnu sing ana ngarepku iki sejatinè ora luwih kaya dene wong wuta kawruh, Wisnu sing macuhi karo gagasane dhewe, Wisnu sing mung sesongaran, Wisnu sing kondhang jago sesorah, Wisnu sing dadi gegadhangan generasi muda jaman saiki, tibake dudu! Kuwalik kabèh pengarep-arepku."

"Oh ..., " swarane Wisnu sing kumecap pedhot. Mripaté tumungkul kelu. Tembung-tembunge Magda pancèn perih nampeg rainè. Nanging iku kanyatan. Kanyatan kang persis karo gegambarane awake.

"Pangapurane, Mas, yen tembung-tembungku mau perih lan nunjem penggalih penjenengan. Iki kepeksa. Iki mung sarana. Kaya ngapa perihing penggalihè

Papah, Mas, samangsa ngerti menawa kahanan iki seprana-seprene mung mengkene wae. Penjenengan pirsane?”

”Dadi iki kersane papahmu?”

Magda ora mangsuli, kejaba mripaté sing tumancep njogan. Angen-angene nglambrang adoh. Wewayangané papahé katon ngegla. Tembung-tembunge sing arang-arang mrebawani iku, sing marahi geter getihé. Nalika sawijining wengi panjenengané mlebu kamaré, banjur omong akèh-akèh, ngomongaké awake, mrembet tekan Wisnu. Bablas tekan Wisnu mungguhing papahé. Kabèh terang trawaca, ora ana sing cicir. Ditapis tandhes tekan dhasar. Nanging, kabèh mau wis ilang saka pangangen-angene kajaba tembung sing banjur menehi pemecut supaya enggal padhang sumilak sakabèhing reridu sing ana ngarepé Wisnu.

Tembungé papahé iku kaya lelagon sing mawa daya luwih. Ya swara iku sing njalari soré iku dheweke omong ndremimil ana ngarepe Wisnu. Ukarane papahé banget nikmate.

”Magda, iki wis dudu jamane. Singgetan-singgetan iku wis kudu dibuwang. Saiki mung kudu nduweni panganggep siji. Kabèh wong sing lahir ing kene, sing golek pangan ing kene, sing ngombe tuk ing kene, lan kudu kepengin mati ing kéné iku padha. Padha haké, padha drajaté. Kulit sing beda, tatacara sing geseh, kasugihan lan liya-liyané aja digawé srana kanggo ngambakake jurang supaya crah. Kabèh kudu ditonton sing luwih jero. Beda-bedaning sakabèhé iku kudu diwawas marga jembaring panguwasané kang Maha Agung, Gusti kang Maha Kuwasa.”

Rumangsane Magda, tembung-tembunge papahe iku kaya dene banyu es. Mripaté kaca-kaca. Ora ngira babar pisan yèn papahé sing selawase iki kaya watu karang kang ngedhangkrang kukuh ora kodal kasempyok ombak, tibaké lembut lumer nggawa kanikmatan sing babar pisan ora naté dibayangake. Tibaké mendhung ing pucuk gunung iku ora nekakaké pedhut apadèné lumuntur mudhun nggawa udan deres.

”Banjur aku kudu piye?”kandhane Wisnu medhot kasepen.

Magda mung mesem. Wangsulane ora enggal kawetu amarga Magda kepengin krungu Wisnu njablasaké lan nemokaké dalan dhewè, dudu dalan sing ditemokaké. Dheweke kepengin nyocogake apa dalan sing digantha iku bisa padha karo dalan sing dirancang Wisnu.

”Nek ngono, aku kudu enggal mulih, sowan Bapak?”

”Dakkira iku pepucuking laku kang bisa ditindakaké.”

Sakarone katrem ing angen-angene dhewe-dhewe ketang kepengin ngerti kepriye badhare bundhelan sing selawase iki kaya dene ayang-ayang.

Banjur rong minggu candhaké saka pirembugan iku Wisnu pamit marang Magda yèn kepéngin tilik mulih. Sanadyan ing atine ana sanggan sing nregiyeg, nanging ora dicethakake marang Magda. Mengkonoa Magda wis tanggap lumantar pitakon sing nandhesaké supaya Wisnu enggal ngrampungni amrih bisa wudhar wusanane.

Wektu candhaké.

"Kowé kuwi apa ya arep ngono terus-terusan, Nu?" pitakoné bapaké nalika mulih. Iku dumadi sawise kenthong isak ing langgare Kya Djuwari muni. Padatan yèn tilik wong tuwane iku mung saclungupan, angger wis ketemu wae. Nanging, sepisan iki dheweke pancen arep nginep, arep ngesok gembolane. Tiwas kebeneran bengi iki bapaké wis ndhisiki rembug. Éwadene getering getihé kaya ora bisa dicandhet.

"Bocah-bocah sak barakanmu wis padha momong anak. Malah ana sing wis mantu barang," Bapaké miwiti rembug. Saka senthong tengah embokne mronggol tembungé bapaké.

"Aku ki sok meri, Nu. Kanca-kancamu nek padha tilik désa padha renteng-renteng pamer anake. Lha bareng kowe?"

"Iya, Nu. Aku lan embokmu wis suwé kepengin ngudang putu. Omah iki yèn riyaya Lebaran sepi banget."

Lambènè kedher ketang kepengin kumecap. Nanging rasa was-was tansah nggodha atiné.

"Mosok, kancamu ubyang-ubying ora ana sing kokcocogi? Adhakané nom-noman saiki gampang banget kobong atiné samangsa cedhak bocah wadon", bapaké ngimbuhi gunemé embokne. Banjur embokne sing mau selonjor ana jambah senthong tengah mudhun melu ngganepi kursi, ngupeng meja.

"Dhèk kowe preinan suwé kaé rak enggal-enggal mulih ta marga entuk layang? Kaya-kayane kowe kok mambu ati ta, Nu?"

Dadakan dhadhane tab-taban. Pancen nalika iku Magda kirim layang supaya dheweke enggal bali kutha. Tibake bab iku dadi kawigatene embokne.

"Lumrahe yèn bocah wedok wis kirim layang barang ngono iku wis mambu ati. Lha nek pancen ana tronthong-tronthonge lan gelem nampa embokmu lan bapakmu kaya ngene, apa lupute?"

Ukurane embokne kaya-kaya wis nyasmitani yèn mripat tuwa iku wis tanggap. Dilirik bapaké katon ayem-ayem wae. Pandugane embokne katone ora klebu petung.

"Dadi Embok isih eling layang kae?"

Embokne mesem bingar.

"Lha, ra lidhok ta, Pakne. Aku wis nggraita selawase iki. Masa yen ora ana sing diconcong kok ayam-ayeman wae."

"Tenan iku, Nu?" pitakone bapake.

"Inggih", wangsulane Wisnu.

"Kowe wis tepung wong tuwane?" bapake nyambungi.

"Sampun."

"Tangkepe marang kowe kepriye?" bapake nyambungi.

"Sae. Kepara sae sanget. Inggih, sowan kula punika kepengin ngrampungaken bab punika", wangsulane Wisnu kanthi blaka.

Wong tuwane sakarone dadi gragapan. Ora ngira yen tekane anaké ing dina iki pancèn nggerba karep. Embokne katon bungah, nanging bapake katon gugup.

"Eh, mengko dhisik. Jenenge bocah wadon iku rak kaya Landa, ta?"

"Arep Landa, arep Arab yen wis dikarepake rak ora apa-apa." Embokne mronggol saking bungahé sebab anakke sing mung siji kuwi wis tumapak anggoné ngganepi urip ana donya. Nanging, bapake isih katon rangu-rangu.

"Kepriyea wae iku kudu dadi pikiran. Awake dhewe iki rak nduweni pacuhan. Pacuhan sing ora gampang dibuwang sebrung ngono wae. Sapa jenenge, Wisnu?"

"Magda? Magda ngono wae?" pitakone bapake maneh.

Atine Wisnu sangsaya geter anggoné arep ngucapake jeneng iku kanthi ganep. Apa marga jeneng iku bakal mahanani cabaring lelakon?. Sirahé dadakan mumet kaya dipalu. Nanging, bab iku kudu wudhar babar pisan ing bengi iku.

"Magda Ong Giok Lian", ujure Wisnu kanthi cetha.

"Jeneng iku? Oh ..., " bapake ora mbacutake.

Bapake ngangkluh. Semono uga embokne melu kaget. Ora kenjana babar pisan yen jeneng iku sing bakal keprungu. Bareng ndulu kahanan kang kaya mengkonono iku, saiki Wisnu sing kepengin ngerti apa sing sumlempit ing batiné bapake.

"Kowe ngerti Wisnu", tembungé bapake kayane mung lamat-lamat kecampur rasa geter.

"Bab rejeki, pati, begja cilaka iku ana ing ngastané sing Maha Kuwasa, Anakku. Nanging, manungsa uga nyinau marang thek-kliweré kahanan. Manungsa nyinau lan nenitèni karo sing wis kawuri. Ngělmu titèn, Wisnu".

"Lajeng, punapa sesambetanipun kaliyan nami punika?" pitakone Wisnu.

"Wisnu, aku iki wong tuwa. Sing lahir ana donya luwih dhisik Kepriyea wae aku kudu kandha marang kowé sanadyan mbokmanawa bakal ngewuhaké aku, embokmu, kowé dhewe, luwih-luwih kancamu."

Wisnu legeg. Kanyatan sing diadhepi dadi seje wusanane. Dhisik wewayang-an sing medéni iku dikira bakal teka saka tengah-tengahing keluargané Magda, tibaké saiki malah metu saka lesané wong tuwane dhewe. Embokne mandeg bapake kaya-kaya njaluk pangerten marang karepe anake.

"Kuna-makuna dalan iku disirik, disingkiri amarga kalah awu, Wisnu."

Wong loro, Wisnu lan embokné pandeng-pandangan.

"Iya, iya, bener kalah awu", tandhesé bapake.

"Kalah awu?" Wisnu mbalèni tembungé bapake.

"Kalah awu mono unen-unen kuna, Wisnu. Yaiku samangsa sabangsane kowé jejodhoan karo sabangsane kancamu, iku disirik marga akèh sangga ruginé. Dalan iku dalam bumpet. Bumpet sakabèhé marga bangsane bocah wadon iku luwih tuwa. Awune luwih tuwa. Ora ana sing wani nerak wiwit jaman kuna makna. Kasangsan, Wisnu, sing bakal tinemu."

"Punika rak jaman rumiyin, nalika bangsa kita taksih dipunjajah amrih bangsa kita boten saged sesambetan kaliyan bangsa sanès ingkang tundhonipun saged dados pinter. Lan,", panyelané Wisnu.

"Lan kowe saiki arep nerak wewaler iku, ngono?" Ora. Aku ora bisa nampa, Wisnu."

"Lajeng kados pundi marginipun ingkang saé, Pak?" Wisnu pitakon memelas.

"Dalan sing apik? Dalan sing apik ya disingkiri!" wangsulane bapake tandhes.

Pirembungan ing bengi iku nemoni dalan buntu. Bapake wis nduwa sakabèhé ing wewatoné Wisnu lan embokné ora wani ngunggahahi panemuné bapaké jalaran wis apal karo wewatekane. Mripat tuwa iku mbrebes mihi karo nyawang anake sing njegegreg kaya reca.

"Nanging, piyambakipun sampun boten réwa-rewa kados tiyang-tiyang bangsanipun, Pak. Tata kraminipun jangkep. Trapsilanipun wetah. Piyambakipun

sampun boten ngrumaosi menggahing kula punika bĕnten jejeripun. Ing manahipun sampun ngrumaosi bilih piyambakipun sami kaliyan kula. Punika sampun kapratĕlakaken dhateng kula.”

”Wisnu!” swaranĕ bapakĕ sereng, iki dudu bab tata krama ganep lan oranĕ. Iki dudu bab rasa rumangsa bab jejer. Dudu, dudu iku! Iki pepacuh, Wisnu. Pepacuh sing ora kena diterak! Wis cetha?”

Wengi sangsaya sepi. Hawa padesan sangsaya adhem. Nanging ing dhadhanĕ Wisnu krasa ana geni murub ing dhadha. Kepara awak iku kaya dipanggang ing anglo gedhĕ sing genine mengangah.

Banjur katon wewayanganĕ Magda sing luruh njawani. Tembung-tembunge alus, mripatĕ sing edhum lan rambutĕ sing dawa nglenthar memburi ngganepi kawanitanĕ. Rambut dawa iku marga panjalukĕ.

Kepriyĕ besuk samangsa dhĕweke ketemu lan kepengin ngerti apa oleh-olehanĕ anggonĕ tilik wong tuwanĕ. Tembungĕ sing pungkasan, sing kebak pengarep-arep nalika arep budhal, keprungu manĕh.

”Minggu ngarep sida kondur tenan ta, Mas?”

Prastawa iki dudu impĕn marga pancĕn diawaki dhĕwĕ ing desa kelairane.

M U L I H *)
Endang Bratajaya

I

Sesawangan endah, resep dinulu. Sawah kang jembar warna kuning sumamburat, manuk-manuk pating pleper, nyolongi pari kang wiwit isi. Angin sumilir ngobahake gegodhongan turi. Srengenge ijen ing pucuking lamtara. Lakune rendhet mengulon kaya awèh pratandha yen sore wus ngancik. Saka kadohan si Wa Tani manggul pacul saruting galengan. Langit sumamburat abang.

Mongkog rasane ati nyawang alam endah kang cinipta, ginelar ing ngarepku, jembar angilak-ilak tekan watesing garis cakrawala. Kaya ana sanggan batin kang uwal saka dhadha, plong! Rasane lega lan marem, nalika aku sakloron mlaku, mecaki sadawaning lemah abang iku. Godhong-godhong turi manthuk-manthuk katerak angin lirih kaya awèh pambagya marang tekaku, marang baliku menyang desa iki. Desa kang kebak dening kaendahan asli. Kekek wiramaning alam, ocehing manuk lan semiliring angin.

II

o

Sega salawuhe wus samapta, dakwadhahi rantang. Nalika rampung jungkatan, metu saka kamar dipethukake ndara kakung. Kandheg jangkakku merga pandanganane.

"Ya sida arep ngirim ta, Lah?" Aku mung manthuk karo matur inggih. Rantang agahan daccangking. Lagi jumangkah, ndara kakung nyandhak tanganku, "Kowe tetap puguh ta, Lah? Kowe ora ngrungokake kandhaku?" pangandikane rada sereng.

"Nyuwun pangapunten, Ndara, kula dereng saged matur. Sapunika kula nyuwun palilah rumiyin, kula badhe nuweni Kang Kusna". Kanthi alon tanganku daktarik.

"Bojomu kuwi wis ora bakal luwar, nggugua aku ta, Lah. Paling-paling dheweke bakal dipidana pati. Wong kang mateni, ukume iya pati. Nah, katimbang kowe klarahan yen mulih menyang ndesa, harak becik yen kowe ngopeni omah iki, nggenteni Ndara Putri".

*) "Mulih" adalah pemenang II sayembara mengarang cerita pendek yang diselenggarakan oleh Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta dalam rangka Bulan Bahasa 1984.

"Mila punika, Ndara, saderengipun Kang Kusna pejah, kula badhe tansah tuwi. Sampun Ndara, kula nyuwun pamit rumiyin. Kepareng."

Ndara kakung unjal napas, netrane tajem tumanjem mriksani aku. Najan wus yuswa, nanging piyambake isih katon bregas. Embuh, kapan ndara putri seda. Sing dakngerteni, nalika aku teka rong sasi kepungkur, mung ana ndara kakung lan putrane putri kang saiki lenggah ing Jakarta karo garwane.

Ndara kakung isih arep nyandhet lakuku, nanging aku ora nggape. Aku jumangkah cepet, banjur mlayu metu regol.

III

Kang Kusna ngemplok pulukan pungkasan. Aku nyawang kanthi rasa trenyuh. Rong minggu mapan ana sel, awake dadi kuru, ireng. Sawuse wisuh tangan, dheweke banjur ngempakake udute lintingan. Sedhela dheweke dolanan kelun kambi unjal napas. Mripat kang tanpa sunar iku nyawang adoh mengarep, adoh tanpa wates.

"Lah, becik kowe mulih bae menyang ndesa. Kandhaa marang Bapak lan Simbok bab aku kanthi blaka. Embuh kapan aku bakal luwar saka kene sebab prakarane bae durung rampung", pangucape kang Kusna lirih tanpa nyawang aku.

"Ora Kang. Awake dhewe lunga bebarengan, mulih uga kudu sakloron. Luwih saka iku, aku pancen duwe ancas kudu bisa ngluwarake Kang Kusna. Aku percaya yen dudu Kakang sing gawe pepati"

"Edan apa!" Durung rampung anggonku guneman, wis dipunggel kang Kusna. Dheweke nyawang aku tajem, "Awake dhewe ki mung wong ndesa sing cubluk. Saka ngendi kowe arep ngluwari aku? Wis ta, Lah, pupusen pangangenmu kang muspra iku. Pancen dudu aku kang materi Gimana, sopire Ndara Kanjeng Pringga iku, nanging kabukten yen ing sakku isih ana turahan racun tikus iku ..."

"Nah, mula ta iku, apa Kakang trima dipitenah kaya ngono iku?" panantangku. Kang Kusna unjal napas landhung banjur nyeleh gegere ing tembok.

"Hah, embuh, Lah! Yen dinalar pancen ya bener, nanging banjur kepiye? Kok ya apes temen ta nasibe awake dhewe iki. Aku bingung, Lah, banjur apa karepe kang gawe pitenah iku. Aku, kang duwene mung badan sepata, kok ya ana wong tegel nandukake pitenah. Banjur apa karepe, apa sing diarah saka wong kaya aku iki?" Akeh-akeh pangucape Kang Kusna kebak panalangsa. Mripate nyawang adoh maneh kanthi sunar kosong tanpa pengarep-arep. Dhuh! Banget njarem rasaku meruhi kahanan iku. Atiku kaya sinendhal mayang.

Pancen abot sanggan kang tumiba ing awakku sakloron. Ing atase lagi antuk rong sasi anggonku dadi penganten, karep ati mono nyoba kupiya golek panguripan beda menyang kutha. Sapa ngerti ing tembe bisa menahi sango marang anak, kanggo ngadhepi ombyaking jaman kang saya maju.

Pranyata aku sakloron kudu ngadhepi swasana kutha kang cengkah karo pangangen sakawit. Ora gampang golek gawean kang maton ana kutha. Puluhpuluh begjane awak, ana piyayi kang lumuh ing budi gelem nülung aku sakloron supaya ngreksa omah loji gedhe kang mung dienggoni ijen dening Ndara Kanjeng Pringga Puspita. Nanging yatalah temen ta awak iki, nasib yen lagi apes. Kok ya ndilalah bae ana dadakan perkara. Kang Kusna kena pitenah liyan.

Nek kudune mono isih jroning mangsa pepasihan, jer rasane lagi wingi bae anggonku resmi. Nanging, pancen lelakon kang teka tan kinira. Aku mung titah sawantah kang ora bisa suwala ngadhepi kanyatan kang kudu daktampa. Menungsa mung saderma nglakoni, kabeh pinurba dening Gusti, kadidene wayang kang dilakokake dening sang dhalang. Kanthi wewaton itu, aku banjur rumangsa pasrah. Kapasrahan dhiri kang tuntas, kang njalari krasa entheng sanggan kang ngeboti dhadhaku.

Pancen, pati mono kang ngasta Gusti Kang Mahagesang. Kabeh-kabeh gumantung mring kersane Pangeran. Yen wus tekan titi wancine tinimbangan, menungsa bakal mati, koncatan nyawa. Embuh mati kanthi dalan kang kepiye, iku mau mung sarana. Bokmanawa patine Gimana, sopire Ndara Kanjeng Pringga, iku uga pancen ginaris kudu kaya mengkono, kanthi digawe dening wong sarana racun tikus. Nanging, yen ta banjur Kang Kusna kang kudu nanggung sakabehe, iki jeneng dudu pepesthen. Iki pitenah. Aku kudu bisa ngudhari lelakon iki. Aku ora trima.

"Sumilah, mula dakjaluk kowe balia bae menyang ndesa, nunggu sawah, nggusahi manuk. Pametu tegalan wis turah, cukup yen mung kanggo mangan bae."

"Ora! Aku kudu bisa nyekel wong kang gawe pitenah!"

"Sumilah, bojoku, kowe wong wadon, sepira banggaamu? Kowe durung ngerti theg-kliwering kutha."

"Kang percayaa karo aku. Aku ngotot kaya ngene iki amarga aku duwe wawasan, sapa kang mitenah Kakang."

"Ah! Embuh, Lah! Kowe ora ngerti rasaku. Lagi pirang sasi awake dhewe resmi, saiki pisah. Kowe manggon ing omah loji iku, mung kowe lan Ndara Kanjeng. Kowe wanita, ayu, isih enom. Ndara Kakung, arepa tuwa nanging tetep wong lanang. Lanang lan wadon jroning omah gedhe, wengi sepi, sapa ngerti kahanan njerone."

Krungu panalangsane Kang Kusna iku, ing batin, atiku kaya kadhodhog. Pancen ora mokal yen Kang Kusna duwe gagasan kaya mengkonono. Nanging, aku puguh kaya ngono amarga aku pancen kepengin bisa nyekel wong iku. Wong kang wus mateni Gimana kanthi racun lan banjur mitenah marang Kang Kusna.

"Kang, ora usah Kakang sujana. Percayaa marang kasetyanku. Aku bakal tetep wutuh duwekmu. Ora perlu sumelang, mundhak kelangan. Wong temen bakal tinemu."

"Yen pancen karepmu ora kena dakpenggak, aku mung pasrah. Mung bae welingku, kowe kudu prayitna awit salah-salah nemu bilahi. Aku mung bisa aweh pandonga, muga kalis ing sambekala, awake dhewe bisa kumpul maneh."

"He-eh, Kakang, bakal dakugemi piwelingmu."

IV

Ah! Pancen Ndara Kanjeng Pringga wong julig temenan. Aku percaya yen kang nandukake pitenah iku ora liya ya Ndara Kanjeng dhewe. Sing diarah ora liya ya aku. Bokmanawa bae saka rumangsane bakal gampang; hem, aja disengguh dupeh aku wong ndesa, sing bisa diapusi ngono bae. Ora kabeh cah ndesa bodho, goblog, gampang dipilut srana gebyaring brana. Aku mikir nganggo utek, nalar, lan rasa. Kabeh dagathuk-gathukake lan pungkasan nemu putusan, kanthi mitenah Kang Kusna kang saiki mapan ing tahanan, dheweke bakal ngepek bojo aku. Hah, ora. Aku kudu tumindak njejegake bebener. Nanging, ah, piye carane? Bener, aku mesthekake yen kang materi Gimana ya Ndara Kanjeng. Nanging aku ora duwe bukti. Sedheng kanggo nuluh bae aku ora duwe dadakan. Banjur apa kang bisa dianggo nyeret dheweke menyang sing kawogan.

Nalika aku nyeleh unjukan ing meja dhahar, ndara kakung ngadeg ing kamar. Piyambake mesem sajak mentas menggalih, banjur nutup lawang kanthi alon, jumangkah marani gelas. Aku rumangsa yen netrane tansah ngawasake sapari-polahku. Ih, saupama ora amarga aku duwe ancas kang mligi, emoh aku manggon ngomah. Bokmanawa wis wingi-wingi aku mulih yen Kang Kusna pancen bener luput. Hem, embuh nganti pirang dina aku bakal nemokake akal, kepiye bisane ngluwari Kang Kusna.

"Sumilah!" Lagi bae arep njangkah menyang mburi saperlu ngrampungni gawean mburi, ndara nimbali. Aku mandheg ora sida lunga. Aku njegreg, ngeniteni dhawuh.

"Lungguha kono dhisik!" Aku manut, lungguh ing dhingklik cilik. Ndara kakung dhehem-dhehem, sepisan maneh kopi ing gelas iku diruput, banjur kanthi swara abot piyambake ndangu.

"Eh, iki sing pungkasan aku ngendika marang kowe. Saiki kowe daktanting temenan, mula wangsulana kanthi maton. Yen ora, becik kowe enggal lunga bae saka kene!" Piyambake meneng sedhela, sajak menehi kalonggaran marang aku kanggo mikir. Hem, aku unjal napas, nyoba daktatag-tatagake supaya aja nganti gugup. Aku durung kumecap.

"Piye, Lah? Kowe mung kari muni, saguh apa ora yen kowe dakpek bojo".

"Inggih, kula sagah. Nanging boten sapunika. Kula purun menawi kula sampun manggihaken sinten ingkang mejahi Giman."

"Elo! Manggihaken, manggihaken sing kepiye? Wis genah bojomu kuwi sing mateni. Ora! Pokoke aku ora kepengin krungu wangsulan sing neka-neka. Yen pancen kowe gelem, ya kudu saiki!"

"Boten!"

Mireng anggonku ngotot iku, ndara banjur menyat. Karo nuding aku, piyambake ngendika sora, "Kowe kuwi neng kene dadi abduku! Kowe kudu manut saprentahku!"

"Nanging punika sanes prentah."

"Sumilah! Saya suwe kowe kok wani marang aku!"

"Inggih margi kula wonten ngriki boten ngabdi dhateng penjengan, nanging ngabdi dhateng padamelan."

"Sumilah! Aku nembung kowe kanthi alus, nanging kowe tetep puguh! Becik kowe minggata bae saka kene!" Aku njegreg krungu iku. Kudune ngene iki waktu sing pas kanggo nuding dheweke. "Nanging, sadurunge kowe minggat, wengi iki kowe kudu nuruti karepku!"

Aku durung nyadhari kahanan, dumadakan bae ndara nyekel tanganku, kenceng. Aku tanggap apa karepe. Keneng apa aku ora duwe pangira sing tekan semene.

"Mboten! Sampun, kula badhe kesah sapunika!"

Ndara kakung malah ngguyu latah, tangane nyekel saya kenceng lan nyeret awakku digawa mlebu kamar. Aku bangga sabisaku. Nanging, sepira banggaku, ngadhapi tenagane ndara kakung kang wus kapencokan setan iku. Aku arèp njerit, nanging wus kentekan daya. Aku nglumpruk, lemes.

Ndara kakung metu kamar kanthi kemenangan. Ninggal aku sing wis tanpa daya. Kamar iki rasane dadi peteng. Aku mung bisa nangis, nangis lan nangis. Pengarep-arepku wus entek. Aku sesuk kudu lunga, kamangka aku durung bisa

nyekel ndara kakung. Ah, kamangka yen aku lunga, tanghe lamun aku bisa nemu cara maneh kanggo nyekel.

Oh, kabeh wus telat! Kang, piye nasibe awake dhewe? Apa aku klakon bisa ngluwari kowe? Aku wus ora suci maneh Kang. Wis Kang, babar pisan bae, entenana aku ana pakunjaran; becik yen wengi iki aku kudu bisa mateni ndara kakung. Tekadku, aku apa dheweke sing mati.

Luh ing pipi dakusapi. Atiku daktata, dhadha kang perih daksarehake. Mataku pendirangan golek yen kira-kira ana alat kanggo ngrampungni nyawane bandhot tuwa kae. Nalika mripatku tumuju ing meja pojok, katon ana gunting gedhe gumlethak. Atiku saya manteb, tekadku saya gembleng, salah siji kudu mati. Wis ben aku mlebu pakunjaran, nanging sithik lara atiku lega.

Ah, keneng apa aku kudu gawe pepati? Atiku bali angles, apa maneh barang kelingan Kang Kusna kang isih ana pakunjaran. Hah, Entenana aku, Kang!

Tanganku rada gumeter nyekel gunting iku. Nanging luwih gemeter maneh sarandhuning awakku nalika aku nyumurupi tulisan ing buku ndhuwur meja. Sajake bae buku hariane ndara kakung kan mentas diisi. Ukara-ukara iku dakwaca kanthi terwaca. Dakambali, dakambali maneh, surasane tetep, "Wengi iki kudu bisa naklukake Sumilah. Kanggo apa dakrewangi mateni sopirku dhewe lan njeblosake bojone yen aku ora bisa ngalahake wanita iku."

Gunting dakselehake maneh. Buku dakregem kenceng banget. Buku iki minangka senjata kanggo nyeret bandhot tuwa iku. Atiku tab-taban, aja-aja dheweke mlebu maneh.

Wengi iku uga aku mlayu menyang kapolisen. Dakblakakake kabeh marang sing kawogan. Atiku marem, lega, mung bae ana siji sing ngganjel. Kepiye aku kudu kandha karo Kang Kusna bab anggone Ndara Kanjeng bisa merwasa aku.

V

"Wis, wis Sumilah, kabeh wis tuntas. Pengorbananmu cukup gedhe kanggo jiwaku. Ora usah kowe nangis, aku wis bisa luwar. Saiki awake dhewe mulih menyang ndesa. Delengen langit sumilak padhang. Pancen kutha dudu papane awake dhewe. Awake dhewe wong tani sing kudune ngopeni sawah. Iku wus ginaris. Iki kabeh dadia pengalaman becik. Wis ayo, miwiti urip anyar ing ndesa."

Aku ora bisa wangsulan. Luhku isih dleweran.

VI

Sesawangan endah, resep dinulu. Sawah kang jembar warna kuning sumamburat. Manuk-manuk pating pleper, nyolongi pari-pari kang wiwit isi. Angin sumilir ngobahake gegodhongan turi. Srengenge ijen ing pucuking lamtara. Lakune rendhet mengulon, aweh pratandha yen sore wus ngancik. Saka kadohan si Wa Tani manggul pacul sauruting galengan. Langit sumamburat abang.

Mongkog nyawang alam endah kang cinipta, ginelar ing ngarepku, jembar angilak-ilak tekan watesing garis cakrawala. Kaya ana sangga batin kang uwal saka dhadha, plong! Rasane lega lan marem, nalika aku sakloron mlaku mecaki sadawaning lemah abang iku. Godhong-godhong turi manthuk-manthuk katerak angin lirih kaya aweh pambagya marang tekaku, marang baliku menyang desa iki. Desa kang kebak dening kaendahan asli, kebak wiramaning alam, ocehing manuk lan sumiliring angin.

— oOo —

SEPIRA ABOTE *)

Agung Kusmia

Antarane jam siji awan. Kuli bangunan ing proyek irigasi desa Guntur wis padha wiwit nyambut gawe maneh. Srengenge panase jemepret. Ing tanggul gedhe ana swarane honda *super cub*. Pak Kamsidjo lagi kondur saka pamulangan. Pasuryane katon abang-ireng kepanasan. Tekan gardhu ing desa motor honda mau menggok nengen. Banjur mandheg ing ngarep omah gedhong sing paling apik sadesa kono.

Durung nganti mudhun saka sadhel, Pak Kamsidjo wis dipapagake garwane sing ayu kuwi. Karo semu mbrabak Bu Kamsidjo mbukak gunem kanti srogol, "Piye iki, Pak? Anakmu ora bisa munggah. Kae lho dheweke nangis terus ana kamare, wiwit teka mau."

"Ora munggah ya mbaleni ta, Bu!", semaure Pak Kamsidjo kalem.

"Ora, Pak! Iki mesthi gurune sing salah mbiji. Wong anake Yu Darmi, si Prapti, kae wae munggah kok Yanti ora munggah. Mangka, panjenengan ngerti dhewe yen sinau bareng, katon yen si Yanti luwih pinter. Iki mesthi gurune sing kurang tliti lan kliru anggone ngisi rapote", swarane Bu Kamsidjo nrithil.

"Ah! Aja duwe prasangka sing ora becik, Bu", semaure Pak Kamsidjo karo mlebu omah.

"Kae lho si Yanti wis ora bakal gelem sekolah maneh, merga ora munggah kuwi. Ya isin ta, Pak!"

Pak Kamsidjo ora mangsuli. Dheweke terus bablas menyang kamare anake. Yanti katon unkep-unkep ing ranjang, tangise mingseg-mingseg. Pak Kamsidjo lungguhan ing lambene ranjang, tangane ngelus-elus rambute anake, karo ngomong alus, "Wis Yan, ora susah nangis! Ora munggah ya mbaleni ta, Wuk. Mengko tahun ngarep rak ya munggah."

Nanging krungu ngendikane bapake ngono kuwi, Yanti ora mandheg anggone mingseg-mingseg. Malah tangise tambah sesenggukan memelas. Pak Kamsidjo trenyuh atine.

"Wis ah!, Cah Ayu. Wis gedhe kok isih nangis."

Yanti isih nangis. Pak Kamsidjo ngadeg, mlangkah menyang kamare. Salin kaos lan celana cekak, terus bablas menyang pungkuran.

*) "Sepira Abote" adalah pemenang III sayembara mengarang cerita pendek yang diselenggarakan oleh Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta dalam rangka Bulan Bahasa 1984.

Bubar dhahar, Pak Kamsidjo karo sisihane padha lungguhan ana kamar tamu. Ora let suwe, krungu swarane Bu Kamsidjo, "Kono lho Pak, sowana nyang daleme Pak Kepala Sekolah, nyuwun diusahaake, kepiye iguhe supaya Yanti bisa diunggahake."

"Ya wis kasep ta, Bu. Wong rapote wis kadhung diisi lan wis dingerteni para guru, uga kancane Yanti."

"Sepira angele Pak, mung ngganti rapot kuwi!" pitakone Bu Kamsidjo dhuwur nadhane.

Pak Kamsidjo mbrabak, abang raine krungu guneme garwane kuwi. Nanging mung sedhela; katon Pak Kamsidjo nyedot rokoke suwe, terus ambegan landhung. Dheweke ora ngira babar pisan yen sisihane duwe karep kang ora becik. Amarga dheweke uga salah sawijining guru, sing ngerti bot-repote lan prakara sing saben dinane kudu ditindakake guru, mula Pak Kamsidjo dadi dheleg-dheleg, bingung mestine.

Weruh kakunge meneng bae, Bu Kamsidjo mbaleni pitakone, tambah seru, "Sepira angele, Pak, mung ngganti raport wae?"

"Ora gampang, Bu!" semature Pak Kamsidjo sengol.

"Dicoba dhisik, Pak, sapa ngerti bisa!"

Pak Kamsidjo dadi blangkemen, ora bisa kumecap. Dheweke ngerti yen sisihane tresna banget marang anake, uga dheweke dhewe. Yanti anak mung siji. Sapa sing ora melu sedhah yen anake nandhang sedhah. Mula Pak Kamsidjo ora bisa mekak kecarepane sisihane kang meruhi kahanane anake sing mung siji kuwi.

"Piye, Pak, apa njenengan ora mesakake anakmu sing mung siji kae, Pak?"

"I ...iya, ya, Bu. Aku taknyoba sowan menyang daleme Pak Winarno", semature Pak Kamsidjo nglokro.

"Saiki, Pak?"

"Ya mengko ta, Bu, aku arep ngaso dhisik."

Kira-kira jam sanga bengi Pak Kamsidjo kondur saka sowan daleme Pak Winarno, Kepala Sekolah. Nanging, dheweke ora banjur mlebu omah, lungguhan kursi ing teras. Kebeneran sisihane ora ana kamar tamu, mbokmenawa lagi ana kamare anake. Dhela-dhela Pak Kamsidjo katon nyedhot rokoke. Kukuse rokok sing mubeng-mubeng iku padha karo pikirane sing lagi bingung. Sakmesthine dheweke ora duwe rasa apa-apa ngenani bab ora munggahe Yanti. Ora munggah mono bab kang wajar tumrape Pak Kamsidjo. Ya sikepe garwane kuwi sing

ndadekake bingunge atine. Arep ora nuruti karepe bojone, wedi yen nganti gawe laraning atine bojone. Ditindakake, jan-jane ora cocok karo batine. Mula ya dadi judheg atine, njalari tangane ngukur rambute sing ora gatel.

Lagi wae arep ngadeg saka kursi, Pak Kamsidjo weruh bojone metu saka lawang. Bu Kamsidjo rada kaget ndeleng kakunge wis lungguhan ana teras kuwi. Raine katon kebak pitakonan.

“Piye, Pak? Bisa ora, Pak? Gelem ora, Pak Winarno?” pitakone Bu Kamsidjo karo nyekeli tangane kakunge.

“Pak Winarno ora wani, Bu!” semau Pak Kamsidjo sinambi nyelehake amplop sing isi dhuwit ing meja tamu. Dheweke banjur lungguh, pandelengane kosong nyawang bojone.

“Kok sombong temen ta, Pak, Pak Win kuwi?”

“Ah, kowe kuwi ta, Bu! Ya ora kok tembung sombong. Sing kuwasa nungghake Yanti kuwi dudu panjenengane, nanging guru kelase, ya Pak Triyono kae.”

“Apa kurang akeh isine amplop iki, Pak?” pitakone Bu Kamsidjo karo mbukak amplop sing isi Rp 50.000,00.

“Dudu perkara kuwi. Ya kaya sing dakkandhakake mau, Bu. Pak Win ora kuwasa ngurusi hake anak buahe”, semau Pak Kamsidjo ngarang lan ngapusi. Olehe sowan ana daleme Pak Winarno, dheweke pancen ora njaluk supaya Yanti diunggahake. Dheweke mung dolan wae, ngomongake bab liyane, ora nggepok senggol bab Yanti. Apa maneh bab dhuwit sing ana amplop kuwi. Babar pisan Pak Kamsidjo ora wani. Pak Kamsidjo ngerti yen tumindak bojone kuwi tumindak sing ngaya wara. Bisa uga malah Pak Winarno duka marang dheweke yen ngerti nganti dheweke wani menehake dhuwit kuwi. Pak Kamsidjo wis paham banget, sapa Pak Winarno kuwi.

“Nek Pak Win ora wani, ya nyang nggone Pak Tri wae, Pak, dheweke ta guru kelase, sing kuwasa ngunggahake Yanti”, Bu Kamsidjo isih ngoyak.

Mak tratab atine Pak Kamsidjo kaya disamber bledheg krungu tembung bojone. Njenggeleg dheweke kamitenggengen, meh wae ketrucut ngomong sing ora becik marang sisihane. Nanging, bareng eling yen sing lungguh ing ngarepe kuwi garwane sing ditresnani, banjur mung dibatin wae. Dheweke unjal ambegan landhung.

“Wis kebacut, Bu. Takkira Pak Triyana uga ora bisa”, tembung Pak Kamsidjo alon banget.

“Wong durung dicoba kok wis ngendika yen ora bisa. Sapa ngerti Pak Triyono gelem amarga saka dhuwit kuwi, Pak?”

"Ora saben uwong gelem nindakake pakaryan ngono kuwi. Kejaba kuwi, aku dhewe uga ora tekan, ora bisa nindhakake. Abot, Bu, kanggoku. Sliramu ngerti yen aku iki rak ya guru. Njur kepiye anggonku arep matur, Bu?"

"Dadi, anggonmu sowan nyang daleme Pak Win mau uga ora ngendika bab kuwi, Pak? Iya, Pak?" pitakone Bu Kamsidjo karo mrengut.

Pak Kamsidjo mung ndhingkluk, ora semaur.

"Yen ngono, artine njenengan wis ora tresna marang anak. Yen ora tresna marang Yanti, jenenge uga wis ora tresna marang aku, Pak?"

"Aja kliru panampa, Bu! Aku tetep tresna, nanging ora njur nganggo dalan ngono kuwi, Bu", semau Pak Kamsidjo groyok, ana rasa kuwatir ing njero atine.

Temenan! Ora let suwe dheweke dadi ndhangak, weruh bojone mlayu mak brabat mlebu karo nyuwara srogol, "Ora! Panjenengan pancen wis ora tresna marang anak lan bojo!"

Pak Kamsidjo dadi dheleg-dheleg ana ing kursine nemoni kahanan kaya ngono kuwi. Angen-angene banjur eling nalika dheweke arep entuk sisihane sing aran Sundari kuwi. Biyen, nalika isih sekolah ing SPG, dheweke nyambi melu mbantu ing omahe Pak Sutrisno, bapake Sundari. Pagaweane mung trima dadi kernet. Saben bubar sekolah dheweke mesthi melu menyang Semarang njupuk dagangane Pak Trisno nganti dheweke bisa nyopir dhewe. Dheweke ora isin dadi pembantune Pak Trisno amarga ngrumangsani yen dadi anake randha sing mlarat. Yen ora disambi kerja sethithik-sethithik mesthi ora bisa nutugage sekolahane.

Telung tahun lawase dheweke ora ngerti yen putri juragane duwe rasa tresna marang dheweke. Nanging iya ora mokal merga sing jenenge Kamsidjo nalika semana pancen sawijining nom-noman sing gagah prakosa, dhasar bagus lan sregep pisan. Bareng dheweke lulus saka SPG lagi ngerti yen Sundari duwe rasa tresna marang dheweke, dideleng saka sikep lan tingkah lakune marang dheweke. Sepisanan Kamsidjo duwe rasa wedi, nanging bareng Pak Sutrisno uga katon setuju, dheweke banjur nanggapi kanthi rasa tresna uga. Pungkasane banjur klakon kawin karo Sundari, ya sisihane kuwi. Saiki uripe dadi saya kepenak amarga kaya-kaya donyane bapake prasasat ya donyane Sundari. Kanggo sapa maneh wong Sundari kuwi thok anake Pak Trisno. Mula saka kuwi, Pak Kamsidjo dadi duwe rasa kepotangan budi marang kulawargane Pak Trisno, ya mara-tuwane.

Mula yen ana masalah karo sisihane, pak Kamsidjo kerep ngalah. Kejaba kuwi, dhasare Pak Kamsidjo pancen duwe watak kalem lan sabar.

Meruhi bojone sing lagi wae nesu, atine dadi kebak rasa kuwatir. Dheweke banjur nulus menyang kamar. Bu Sundari katon mengkurep karo nangis lirih. Rasa kuwatire Pak Kamsidjo njalari rasa sedhik ngadhepi kahanan kuwi. Anak lan bojo padha gembenge. Pak Kamsidjo banjur melu turon nyang sisihane bojone. Tangane ngelus-ngelus rambut lan gegere garwane karo kumecap kanthi rasa tresna lan trenyuh, "Wis, wis, aja muwun, ah! Kaya bocah cilik ae. Aku melu sedhik, lho Bu. Meneng ya, Bu! Aja kuwatir . . ., aku bakal sowan yang daleme Pak Triyono. Sesuk esuk aku tak sowan mrana. Wis, ah!"

Krungu ngendikane kakunge ngono kuwi, mak cep klakep. Tangise Bu Sundari mandheg. Bu Sundari banjur ngobahake awake miring nyang kakunge, terus ngrangkul kakunge. Semono uga Pak Kamsidjo, nanggapi nyikep garwane sing ditresnani.

Jam sanga esuk, ing omahe Pak Triyono.

"Kula nuwun! . . . Kula nuwun!" Ora ana sing semaur. Pak Kamsidjo banjur nothok, thok, thok, thok! "Kula nuwun!"

"Oh, Pak Kamsidjo..., mangga pinarak Pak!" semature Bu Triyono karo mesem.

"Pak Tri wonten, Bu?"

"Wonten. Sekedhap, Pak. Kula padosane teng wingking."

"Inggih."

Ora let suwe Pak Triyono metu ing kamar tamu.

"Wah njanur gunung, esuk-esuk wis tindhak mreane. Ana perlu penting apa Pak?" pitakone Pak Tri karo wiwit lungguh.

"Alah, ya mung dolan kok, Pak, mumung prei."

"Ana samben apa, Pak? Nek ana... mbok aku diwenehi bageyan."

"Samben apa, Pak!"

"Nyatane dhing, kanggone Pak Kamsidjo ora ana bedane, wong wis turah-turah", Pak Triyono mesem amba.

"Alah, Pak Tri iki isa-isane", semature Pak Kamsidjo sinambi ngelos rokok, banjur krungu suwarane nawani Pak Triyono.

"Ses, Pak!"

"Wah..., aku ora kulina kok, Pak."

"Anu, Pak..., sadurunge aku nyuwun sewu. Sejatine aku sowan mrene iki ana perlune sethithik!" tekan kono Pak Kamsidjo terus meneng karo nyedhot rokoke manteb, banjur sambunge rada ngati-ati, "Perkara anakku, si Yanti, Pak!"

"Ah..., kena apa, Pak? semaure Pak Tri katon pasuryane ngemu pitakonan. Pak Kamsidjo dadi mesem meruhi Pak Triyono rada kaget.

"Ngene, Pak. Bareng Yanti ngerti yen ora bisa munggah, tekan ngomah banjur nangis sedina muput. Malah kandha arep ora gelem sekolah maneh, ndadekke ibune Yanti dadi melu sedhah. Kuciwane ibune Yanti nanggapi perkara iki kanthi rasa sing ora bener. Mula, aku nyuwun tulung marang Pak Tri, kepiye carane nyadharake sisihanku, supaya ora gawe laraning atine. Aku dadi melu bingung, Pak!"

"Lha, kersane Bu Kamsidjo kepiye, Pak?"

"Njaluk..., Yanti supaya diunggahake!"

Pak Triyono njondhil, kaget. Pasuryane dadi abang sedhela. Pak Triyono katon mikir-mikir. Bareng arep ngendika, wis kedhisikan Pak Kamsidjo, "Nanging, aku ora setuju banget, Pak!"

Mak plong, katon rasa penggalih Pak Triyono wektu kuwi merga dheweke banjur mesem. Pak Kamsidjo uga melu mesem karo ngomong, "Pak Triyono rak ya pirsane yen aku dhewe iki ya guru. Mula aku ora setuju karo karepe bojoku kuwi."

"Wah, rada angel kuwi, Pak. Nek sisihanku kae mono gampang, kepetung wong sing manut lan sabar."

"Iya kuwi, Pak, malah nangis barang kok, Pak..., piya? Aku dadi judheg. Ya maklum, wong anak mung siji, awit cilik wis dimanja karo maratuwaku, mesthine", semaure Pak Kamsidjo karo nyedhot rokok banjur dicecek ing asbak.

"Ngene wae, Pak. Matur blaka wae nek Pak Kamsidjo wis sowan mrene, lan matur yen aku sing ora bisa. Dadi, Pak Kamsidjo mengko ora ketutuh, wong ketok yen wis usaha, ora ketang mung kanggo apus krama."

"Wah, atiku sing ora kepenak, Pak, krungu tembung bojoku mengko. Mesthi dheweke bakal ngembet-embet asmane Pak Tri."

"Ora dadi apa, Pak; aja dipenggalih."

"Wah...!" Pak Kamsidjo mangu-mangu arep nerusake omonge.

"Lha wis piye, Pak wong ora ana dalan liya. Ora susah menggalih aku. Kuwi rak mung prasangka. Sing penting, ora ta, Pak?" pitakone Pak Triyono karo mesem tulus banget.

"Ya wis, Pak. Aku matur nuwun banget. Aku terus arep bali, mundhak bojoku ngarep-arep."

"Bu, Bu, iki lho, Pak Kamsidjo arep kondur", pak Triyono ngundang garwane. Ora suwe Bu Triyono wis metu menyang kamar tamu.

"Kok kesesa ta, Pak?" pitakone Bu Triyono.

"Inggih, sampun cekap kok, Bu. Pareng, Bu, pareng, Pak."

"Mangga, ndherekaken."

"Iya, Pak..., mangga."

Karo mlaku Pak Kamsidjo mikir, kepriye reaksi sene bojone marang dheweke lan Pak Triyono mengko mesthi bakal ngambra-ambra tekan masalah guru, wong dheweke pegaweane pancen iya guru. Ora kok tembung dheweke kumalungkung nggekengi idealismene. Banjur sapa yen ora dheweke sing tansah ngugemi tata cara kang pancen kudu ditetepi kabeh para guru ing Nusantara iki. Iku pancen wis dadi tanggung jawabe para guru.

Nanging, Pak Kamsidjo uga ora selak. Kadang-kadang pancen ya ana oknum guru tumindak kang ora samesthine. Nyatane guru uga manungsa lumrah, mesthi kanggonan lali, luput, lan dosa amarga kuwi pancen wis dadi sandhangane manungsa urip. Nanging, samangsa ana guru sing nyleweng saka bebener, terus didadekake pathokan lan terus ditudhing-tudhing jare guru kok murangsarak, kaya sing akeh kamot an ing koran-koran. Ing batine Pak Kamsidjo duwe rasa ora trima merga ing warganing apa lan ngendi wae mesthi ana warga siji loro sing nyebal saka lajere. Nanging, kanggone Pak Kamsidjo, siji lor iku mung oknum-oknum, ibarate gabah mesthi wae sok ana ing sajroning beras sak karung.

Pak Kamsidjo kadhang-kadhang duwe rasa jengkel yen weruh penandhange para guru. Akeh wong sing padha merem mripate lan nyumpel kupinge. Ngene iki apa adil? Padha rumangsa apa ora, wong sing senengane nuding-nuding guru kuwi? Sapa sing wis minterake dheweke, genea nganti pinter nuding-nuding kuwi? Mbok ya gelem mikir sithik!

Tekan ngarep omah, Pak Kamsidjo wis weruh garwane lagi lungguhan ing teras. Bareng weruh kakunge, Bu Kamsidjo banjur ngadeg mapagake. Pa-suryane isih katon suntrut. Batine Pak Kamsidjo wis bisa nggambarake kedadean kang bakal klakon. Tanpa disengaja Pak Kamsidjo ndonga, "Gusti, mugi-mugi sisihan kula paringana enget lan sabar."

"Piye Pak, kasil apa ora, Pak?" pitakone Bu Sundari.

"Ayo, Bu, mlebu wae, Bu!"

Pak Kamsidjo mlebu omah dibarengi Bu Sundari. Pak Kamsidjo lungguh kursi, sisihane uga lungguh kursi cedhake. Nanging beda karo kakunge, Bu Sundari katon ora sabar ngenteni.

"Bener omonganku wingi, Bu, Pak Triyono uga ora bisa!"

"Dadi ora bisa, Pak?" Bu Kamsidjo kaget. Saking kagete banjur dadi dheleg-dheleg kaya dibungkem.

"Ya wis ta, Bu, ora susah dipenggalih jero-jero, lha wong wis kebacut. Tur ya bab munggah utawa ora kuwi merga ora saka biji thok. Akeh bab liya sing kanggo nentokake", katrangane Pak Kamsidjo pamrih bojone gelem nampa kahanan kuwi kanthi lila legawa. Nanging jebul mleset. Bu Sundari banjur ndengagak karo tembunge seru, "Ora, Pak, kuwi mung alasan sing ngayawara. Mbokmenawa panjenengan kang ora bisa matur. Apa kurang dhuwit sing wis dakamplop kuwi?. Banjur njaluk ditambahi pira? Pira ta bayare Pak Triyono kae? Tak kira mung sebab guru-guru ing desa kene meri nyawang awake dhewe, banjur anake dhewe kang dienggo sasaran rasa meri kuwi, terus Yanti dadi ora diungguhake."

"Dudu perkara kuwi, Bu!" semau Pak Kamsidjo seru.

"Banjur apa? Sepira abote, ngganti rapot sing mung sasuwek kuwi?"

"Ora gampang Bu!"

"Alasane?"

"*Harga diri* botohane, Bu!"

"Apa Pak? *Harga diri*? Njur sepira regane awak siji, guru kaya Pak Triyono kae? Paling banter ya mung Rp 50.000,00."

"Bu!?" jerite Pak Kamsidjo. Saking kagete dadi ngadeg saka kursi.

Krungu tembunge garwane sing sajak ngenyek marang guru mau, rasa sabare Pak Kamsidjo dadi musna. Atine banjur krasa panas kebrang, terus tembunge rada kasar, "Nek ngomong nganggo dipikir, Bu, aja kaya bocah angon wae!"

"Apa? Njenengan ngonekake aku kaya bocah angon? Iya, Pak? Yen ngono njenengan pancen wis ora duwe rasa tresna marang aku lan Yanti", semau Bu Sundari melu abang raine, nesu nadane.

"Soale aku ya guru, Bu! Yen tembungmu ngono kuwi ya padha karo ngenyek aku! Aku ora trima yen ana wong sing wani ngiyak-iyak harga dirine guru. Sapa wae pawongan kuwi, klebu anak lan bojoku!" semau Pak Kamsidjo karo nggeget untu. Dheweke pancen wis nekad. Tekad-tekadan pisah karo bojo,

rasa abot'sithik ora dadi apa. Wong garwane wis ora ngajeni marang *harga dirine*, apa perlune diboti. Malah dadi neraka saben dina, mengkone.

"Dadi ..., dadi kowe pancen wis ora tresna karo aku, Pak ...? Yen ngono kuwe kudu lunga saka kene, Pak!" swarane Bu Sundari groyok. Wong wadon iku banjur mlayu mlebu kamare, terus mbanting awake, unkep-unkep ing ranjang nangis ngguguk.

Pak Kamsidjo isih ngadeg njejer, arep njangkahi metu isih abot rasane. Kaya-kaya ana sawijining perkara kang nggondheli pangrasane.

Ujung-ujug ana swara panggembore bocah wadon nangis mlayu-menyang kamar tamu. Oh, Yanti. Weruh bapake isih katon ngadeg sing ngarep lawang-banjur ditubruk lan disikep. Terus krungu tembungge serak-glagepan. "Bapak... Ba...pak... aja tindak! Ba...pak aja ninggalake Yanti!"

Isih karo nangis Yanti banjur ngglandhang bapake menyang kamaré ibuné. Sing diglandhang manut wae, embuh sebabe. Bareng weruh ibuné unkep-unkep ing ranjang, Yanti ngeculake tangane bapake, banjur lungguh ana sisihe ibune sing isih mingseg-mingseg. "Bapak aja entuk tindak ya, Bu! Ibu aja duka, ya! Sing salah Yanti kok, Bu! Yanti bakal gelem sekolah maneh kok, Bu! Bapak aja dikon tindak, ya, Bu!" tembungge Yanti isih nangis karo tangane nyambi ngoyak oyak ibune.

Krungu tembungge anake ngono mau, gregah, Bu Sundari tangi. Mak set, dheweke nyikep anake kenceng terus ngambungi kanthi kebak rasa katresnan. Wong loro nangis bebarengan, nrenyuhake Pak Kamsidjo mung gedheg-gedheg karo ambegan landhung weruh kedadean kuwi.

Ing njaba omah Pak Kamsidjo, ing sajroning susuh kang gumandhul ing panging wit waru, manuk manyar lanang lan wadon lagi padha nidulang anake sing isih cilik-cilik. Ora let suwe, manuk kekarone padha mabur bebarengan sinambi nyuwara renyah, katon rukun banget, nggolekake pakan anake sing ditresnani.

Demak, Juni 1984

Wadhah kang bisa kanggo mekarke kasustran Jawa tulis kang ...

Wadhah kang bisa kanggo mekarke kasustran Jawa tulis kang ...

PENGARANG SASTRA JAWA MODHEREN LAN INTELEKTUALISME*)

Andi

1. Pambuka

Sastra Jawa modhèren ana ing kasusastran Jawa iku umure durung patia tuwa. Sastra Jawa modheren lair bebarengan karo lumebuné kabudayaan kulonan kang digawa bangsa Walanda menyang bumi Nuswantara. Nalika bangsa Walanda ngedegake pamulangan ing bumi Hindia Belanda lan putra-putrane priyayi luhur bisa melu sekolah, kasusastran kulonan melu lumebu ing Nuswantara. Sapérangan pemudha Jawa kang kasil ngicipi wohing kasusastran jinis novel, geguritan, crita cekak (cerkak), lan esai saka kasusastran kulonan, banjur nyoba nularaké ing kasusastran Jawa. Daya saka kulonan iku mau dumadi ing pungkasaning abad XIX lan wiwitaning abad XX.

Mekaré kasusastran Jawa modheren wiwitané rada rendhet. Bab mau ora nggumunaké sebab wohing kasusastran cakrik (*genre*) anyar mau asalé saka njaban rangkah, lan nalika iku masyarakat Jawa durung siyaga nampa lan pancen durung mbutuhake (Ras, 1985:8). Nanging suwening-suwe, amarga pamulangan anyar modhel kulonan saya sumebar, wohing kasusastran sing niru kasusastran kulonan bisa ditampa. Pamulangan Walanda klebu pamulangan kang *intensif* nugasake siswane maca wohing kasusastran, klebu siswa-siswa jurusan ilmu pasti alam. Mula wis samesthine yen anggitan kasusastran modhel anyar ing madyaning kasusastran Jawa saya mekar.

Sawisé badan penerbit Balai Pustaka madeg, kasusastran Jawa modhèren katon maju. Akèh novel Jawa kang dicithak déning penerbit iku, lan wiwit akèh brayat Jawa padha seneng maca novel-novel mau. Kanthi mengkonono, andhile penerbit Balai Pustaka tumrap kasusastran Jawa gedhé banget. Nanging, wiwit Jepang ngebroki tanah Jawa, Balai Pustaka wiwit suda olèhé nerbitake buku, klebu novel Jawa. Kejaba lumantar penerbit Balai Pustaka, kasusastran Jawa modheren sadurunge perang kamardikan uga mekar lumantar kalawarti basa Jawa *Penyobar Semangat* kang terbit sepisanan tanggal 2 September 1933 (Suripan Sadihutomo, 1975:13).

Ing jaman Jepang, kasusastran Jawa modheren rada kasilep sawetara. Wadhah kang bisa kanggo mekaraké kasusastran Jawa tulis kang ana rikala kuwi

*) Tulisan ini adalah pemenang I sayembara penulisan esai sastra Jawa modern yang diselenggarakan oleh Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta dalam rangka kegiatan Bulan Bahasa 1985

mung majalah *Panji Pustaka*. Mula wohing kasusastran Jawa modheren kang lair jaman Jepang mung sethithik.

Kahanan kasusastran Jawa modhèren wiwit krekang-krekang tangi sawise Indonesia mardika. Sakawit, reiptan kasusastran Jawa modheren mung tinemu ing kalawarti *Penyebar Semangat* lan *Jaya Baya*. Ing taun 1950-an, Balai Pustaka nyithak buku-buku kasusastran Jawa modhèren manèh. Kalawarti basa Jawa ing taun 1950-an ora mung *Penyebar Semangat* lan *Jaya Baya* wae, nanging tambah *Mekar Sari* (metu sepisanan, Maret 1957, ing Ngayogyakarta), *Waspada* (1952 ing Ngayogyakarta), *Cendrawasih* (1957 ing Surabaya), lan *Crita Cekak* (1955 ing Surabaya). Nalika *Penyebar Semangat*, *Jaya Baya*, *Mekar Sari*, lan kalawarti-kalawarti basa Jawa liyane padha nggrègeli, dumadakan jumedhul *Djaka Lodhang* (1967) kang isih lestari nganti saprèné. Temené mono ing taun 1960-an uga ana sawetara kalawarti basa Jawa anyar kang terbit, nanging ora nganti limang taunan padha macet kanggo salawasé (pirsanana Suripan Sadihuto-mo, 1975:16--17).

Sawise kamardikan, kasusastran Jawa modheren kena diarani *kasusastran majalah* lan *kasusastran koran* awit reiptan iku mau racake tinemu ing majalah lan koran. Ing taun 1960-an uga akeh roman utawa novel basa Jawa kang terbit. Malah yen digunggung, buku-buku crita basa Jawa kang metu antarané taun 1960--1970 luwih akeh tinimbang kang metu antarané tahun 1945--1960. Racaké buku crita basa Jawa tahun 1960-an iku awujud novel utawa kumpulan cerkak ukuran "saku" lan klebu novel panglipur wuyung.

Wiwit taun 1970, kasusastran Jawa modhèren kang wujud buku arang tinemune. Antarane taun 1970--1985 mung tinemu sawetara novel, kumpulan guritan, lan kumpulan cerkak (ora nganti 25 judul). Kahanan iki adoh banget sungsate karo kahanan sadurunge taun 1970.

Bab-bab kang njalari sureme kasusastran Jawa modhèren, mligine ing bab reiptan kang awujud buku, bakal katur ing adharan prasaja iki, mligine kang magepokan karo pangriptané.

Aju unduring kasusastran iku gumantung saka telung prakara kang ana sambung rapete karo donyane kasusastran, yaiku pangripta, para maos, lan penerbit. Mekare kasusastran Jawa jaman kuna uga gumantung saka telung prakara mau, mung wae penerbitané ora awujud bebadan utawa *lembaga penerbitan* kang nyithak lan nyebarake buku sarta menehi bebungah marang pangripta, nanging awujud penguwasa kang paring pangayoman marang pujangga lan tepas kapujanggan.

Pangripta, para maos, lan penerbit iku kahanané kudu "sehat" kanggo nggayuh ajuning kasusastran. Ana ing kasusastran Jawa modhèren, telung prakara

mau kena diarani durung "sehat". Yen ing tulisan iki kang dijinggleng lagi "lelarane" pangripta, iku ora ateges yen "lelarane" para maos lan penerbit ora ana. Bokmenawa kahanan kang "kurang sehat" iku malah akeh tinemu ing jagading para maos lan penerbitane.

2. Kahanane Kasusastran Jawa

Ras (1985) apadene Suripan Sadihutomo (1975) mratelakake yen sasurute pujangga Ranggawarsita, kasusastran Jawa tetep ngrembaka, kang awujud kasusastran Jawa modheren. Semono uga ing jaman sawise kamardikan, kasusastran Jawa modheren uga isih ngrembaka. Kejaba reiptan kasusastran kang sumebar ing kalawarti lan ariwarti basa Jawa, reiptan kang awujud buku uga akeh.

Panemuné Ras lan Suripan Hadihutomo pancen bener. Nanging, apa aji utawa *mutuné* kasusastran sawise kamardikan luwih apik tinimbang kasusastran sadurungé kamardikan? Nganti seprene durung ana ahli sastra lan sarjana sastra Jawa kang bisa paring jawaban kanthi cetha.

Yen disawang satleraman, reiptan sastra Jawa modheren sawise perang sajake ora akeh owah-owahane yen katandhing karo reiptan saka jaman Balai Pustaka. Umpamané, novel-novel sawise kamardikan akeh kang isine ngrembug bab katresnan priya lan wanita *sarta pertentangan tradisi*. Luwih-luwih novel panglipur wuyung kang ngreda antarané taun 1964--1968, kang cacache nganti atusan iku, racake ajine luwih asor tinimbang novel-novel jaman Balai Pustaka wae), senadyan ana sawatara novel kang katon luwih becik tinimbang novel-novel jaman Balai Pustaka.

Ing babagan geguritan, sawise kamardikan pancen katon luwih becik tinimbang sadurunge. Kahanan iki kena diarani lumrah awit mekape geguritan ing kasusastran Jawa lagi ing jaman sawise kamardikan. Sadurunge kamardikan, kang akeh tinemu yaiku novel lan crita cekak. Sajake mung crita cekak kang ngalami owah-owahan kanthi maremake ing jaman sawise kamardikan. Crita cekak basa Jawa kang rinipta sadurunge kamardikan katon yen isi lan cakrike ora adoh sunggate karo novel-novel basa Jawa wektu kuwi. Dene sawise kamardikan, jinis lan cakrike crita cekak maneka warna lan katon digarap kanthi tenan. Cerkak-cerkake St. Iesmaniasita kang tinemu ing *Kidung Wengi ing Gunung Gamping* (Balai Pustaka, 1958), umpamane, kejaba *romantis* uga *humanis*. Kumpulan crita cekake St. Iesmaniasita liyane, yaiku *Kringet Saka Tangan Prakosa* (Yayasan Joyoboyo, 1974) katon onjo *humanismené* lan katon cetha sifat sosialé (*sosiologis*). Dene *Kalimput ing Pedhut* (Balai Pustaka, 1976) ora beda karo *Kidung Wengi ing Gunung Gamping*.

Yen diwawas satleraman, kasusastran Jawa modheren sawise kamardikan ora akeh owah-owahane tinimbang kasusastran Jawa modheren sadurunge (perang). Yen ta ana owah-owahane, racake mung tinemu ana ing crita cekak.

Bokmenawa kurang prayoga menawa nandhingake kasusastran Jawa saka jaman siji lan sijine, umpamane, kasusastran Jawa sawise kamardikan karo kasusastran Jawa sadurunge kamardikan. Tetandhingan iku kurang prayoga awit ing kasusastran Jawa sawise perang kamardikan tinemu pangripta kang tanggon, kayata Suparno Brata, St. Iesmaniasita, Sudharma K.D. (swargi), Suryadi W.S., Tamsir A.S., Esmiet, lan Poëwadhie Atmodihardjo. Dene pangripta sastra Jawa sadurunge kamardikan katon yen aos utawa *mutu* ripta sastrane meh padha antarane siji lan sijine (sebabag). Dadi, yen disemak manut pangriptane, karya-karyane sawetara pangripta sastra Jawa sawise perang kamardikan kena diarani luwih becik tinimbang sadurunge senadyan owah-owahane ora sepiraa.

Owah-owahan tumrap sadhengah kasusastran mesthi ana. Saben titi mangsa ana utawa duwe cakrik dhewe-dhewe. Kasusastran Jawa modheren waktu iki mesthi wae beda karo kasusastran Jawa modheren waktu sadurunge. Kahanan kang beda mau uga ana gandheng cenenge karo pangripta, penerbit, lan para maos. Kanthi maneka warnaning kahanan, pangripta kudu saya mumpuni olehe ngganggu. Yèn ulah kridhaning pangripta sastra Jawa modheren ing wektu iki ora bisa nandhingi utawa mung sababag karo pangripta sastra Jawa sadurunge, aja diarep-arep menawa kasusastran Jawa bakal luwih maju.

3. Pangripta Sastra Jawa Modheren ing Wektu Iki

Manut andharane Suparto Brata (1983:53-72) pangripta sastra Jawa modheren ing wektu iki kena diarani wasis awit riptane katon nengsemake. Para pangripta mau olèhé nggarap *tema, masalah*, lan basané alelandhesan (basa Indonesia: *terikat*) sastra Jawa sadurungé, mliginé sastra klasik. Kawasisané pangripta mau kadayan dening wacan lan *pengalaman* ing wektu iki, kinanthen bakat alam kang kuwat lan kapribaden Jawa modheren.

Karya-karyane pangripta sastra Jawa modheren ing wektu iki pancen bisa nuduhake tumrap larasing kasusastran Jawa lan ombyaking pembangunan, sarta luwih becik anggoné nggambarake kahanan ing masyarakate (Suparto Brata, 1983:70).

Panemuné Suparto Brata tumrap pangripta sastra Jawa modheren ing wektu iki kaya kang wus katur isih perlu ditliti maneh bener lan luputé awit nganti sapréne durung ana gambaran utawa *data* kang gumathok tumrap cacahing pangripta sastra Jawa lan karya-karyane, serta biografine. Ing tulisan iki ora dipratelakake bener lan orane tumrap pangripta sastra Jawa modheren wektu iki

luwih becik tinimbang wektu sadurunge. Yen pancen cacahé pangripta sastra Jawa modhèren 'wektu iki luwih akeh tinimbang sadurunge, pendhidhikane jacaké luwih dhuwur, umur-umurane luwih akeh kang enom, lan pakaryane bisa ndayani reriptané, sarta papan panguripane kang sumebar, lagi bisa dikandhakaké yen dhasar-dhasar ulah kridhaning ngenganggit tumrap para pangripta ing wektu iki luwih becik tinimbang sadurungé. Dadi, yèn kahanané ing wektu-wektu iki ora mangkono, ateges para pangripta sastra Jawa modhèren ora duwe sango kanggo mekaraké bakat lan reriptane. Ana sawenehing prakara kang kudu tansah digatèkake, yaiku kepriyèa wae pangripta sastra Jawa modhèren ing wektu iki ngemban tanggung jawab lan tugas kang luwih abot sarta kudu wani ngadhepi maneka warnaning pacoban kang abot.

Wektu iki arang banget penerbit kang wani *spekulasi* nerbitake buku-buku wacan basa Jawa. Wong Jawa uga saya suda kang gelem maca wohing kasusastran Jawa. Para mudha Jawa wektu iki wis luwih modhèren pasrawungané lan manéka warna kawigatine. Tumrap para mudha Jawa, tinimbang wektune kanggo maca crita-crita Jawa ing buku utawa majalah kang langka lan angel dipahami isine (amarga ing sekolahan ora patia tepung karo kasusastran Jawa), luwih becik nonton film, dhangdhut, video, televisi, lan sapanunggalé. Apa maneh yen digathukaké karo reregan kang saya mundhak lan uga maneka warnaning kahanan, cacahé sutresna kasusastran Jawa modhèren genah saya suda.

Kanthi kahanan kang kaya mangkono mau, apa wohing kasusastran Jawa isih mumpangati, kena kanggo panglipur ati, bisa sumrambah ing kalanganing brayat Jawa kang modhèren kang ngadhepi manéka warna ruwet-rentenging panguripan? Pungkasaning rembug, para pangripta sastra Jawa modhèren ngadhepi jejibahan luhur (senadyan abot), yaiku nganggit kasusastran sing migunani tumrap brayat Jawa modhèren, kang uga bisa mbiyantu ajuning wawasan tumrap brayat Jawa.

4. Pengarang lan Olah Kridhaning Pikir

Ana ing kahanan kang sarwa ribet iki, pangripta sastra Jawa modhèren ngemban tugas lan tanggung jawab kang abot. Yen biyen para pangripta cukup nulis crita lan wis marem yen tulisane payu, uga mongkog yen oleh pengalembana, ing wektu iki wis seje kahanane. Wektu iki para pangripta sastra Jawa modhèren kudu gelem mbudidaya amrih anggitane mranani, kang tundhone bisa narik kawigatene para maos utawa masyarakat. Yen pambudidaya iku bisa kasembadan, istingarah undhaking wawasan lan tentreming batine para pangripta bisa kelakon. Ing wektu iki wis dudu mangsane maneh para pangripta sastra Jawa mung cukup ngendelaké bakat alam. Pangripta sastra Jawa modhèren ing jaman kang modhèren kaya ing wektu iki kudu duwe kawruh ing bab jagading

kasusastran lan kawruh apa wae kang ana sambung rapetè karo mobah mosiking kahanan lan kudu bisa medharakè kawruhè mau ing sajroning reriptane. Kanthi tembung kang rada moncer, pangripta sastra Jawa modhèren kudu kendel *intelektualisme*-nè, kudu bisa dadi wargane *kaum intelektual*, kudu bisa ngolah pikir ing bab apa wae kang magepokan karo mobah mosike manunggsa (ora mung bisa mikir carane golèk dhuwit lumantar kawasisané ngrakit ukara).

Tembung *intelektual* kang asale saka basa Inggris *Intellectual* ngemu teges *cendekia*, pinter, mumpuni (John M. Echols, 1983:326). Kala-kala tembung *intelektual* uga diucapake *intelektuil*. Tembung *intelektuil* asale saka basa Walanda kang tegese uga ora patia gesèh, yaiku *terpelajar*, pinter, mumpuni (Poerwadarminta, 1976:384). Denè *intelektualisme* bisa ngemu teges oleh kridaning pikir, pasrawungan karo jagading oleh pikir, utawa ana ing jagading olah pikir.

Kaum *intelektual* klebu golongananing masyarakat kang dhuwur tatarane. Ora kabèh para winasis utawa wong kang kasil ngangsu kawruh ing pamulangan luhur klebu golongananing *kaum intelektual*. Wong-wong mau mujudake pribadi-pribadi kang ngudi lantiping pikir lan alusing budi lumantar *pendhidhikan budaya* (Subagio Sastrawardojo, 1971:73).

Wong kang kadunungan sesebutan *kaum intelektual* ora kudu wong kang putus sekolahè, nanging bisa uga wong kang kasembadan olehè ngolah kridaning pikir kanggo nggayuh lantiping pikir lan alusing budi. *Kaum intelektual* kudu tansah nggatekake marang kagunan kesenian bangsane lan kudu bisa narik kawigatene masyarakat supaya bisa ngolah kridhaning pikir. Kanthi mengkonono, para pangripta, tanpa mawas pendhidhikanè lan asal-usulé, bisa klebu ewonè *kaum intelektual*. Semono uga para pangripta sastra Jawa modhèren uga bisa klebu ing golongane *kaum intelektual* ana ing jagading bebrayan Jawa kanthi sarat kang wus katur iku.

Ana ing kasusastran Jawa, ora kabèh pangripta sastra Jawa dadi *tokoh pemikir*. Ananging, lumantar anggitanè, katon yen para pangripta sastra Jawa iku melu udhu rembug lan ulah pikir tumrap bebrayan kang magepokan karo panguripane manungsa lan bangsa. Kanthi mengkonono, onja lan orane, pinter lan orane pangripta sastra Jawa iku gumantung saka bobod *intelektualismene*. Pangripta kang daya *intelektuale* apik bakal dadi pangripta kang peng-pengan lan reriptané bakal dadi kawigatene sapa wae. Dene pangripta kang mung ngendelaké bakat alame tanpa gelem mbudidaya ngolah pikir lan maca, suwe-suwe bakal ketinggal sepur lan tanpa ana undhake, kang tundhone ora ana kang nggatekake. Sok sapa kang kepengin dadi pangripta kang kondhang, sarate kudu limpat daya *intelektuale*: sīnartan, prigèl lan sregep menulis.

5. Kahanané Pangripta Sastra Jawa

Aju unduré jagading kasusastran Jawa gumantung saka bobot *intelektualisme* pangripta utawa juru anggit sastra Jawa. Sejarah kasusastran Jawa nuduhaké yen para pangripta kang apik daya *intelektuale* iku bisa ngclairaké reriptan kang becik.

Pangriptan utawa pujangga ing jaman *renaissance* Jawa utawa jaman kapujanggan Surakarta lan pangripta ngarepaké utawa wiwitane jaman Balai Pustaka kena kagolongaké minangka warganing *kaum intelektual*. Ranggawarsita, umpamane, kejaba kasusra minangka pujangga, uga klebu dadi warganing *kaum intelektual* Jawa. Pasrawungané ora winates ing antarané para punggawa kraton, nanging uga karo para sarjana lan sujana Walanda, kayata C.F. Winter. Semono, uga Ki Padmasusastra lan Yasawidagda, klebu pangripta kang tau ngrasakaké alaming pendhidhikan lan wawasan kulonan. Pasrawungané juru anggit loro mau karo para *intelektual* bangsa Walanda klebu jembar lan apik.

Kepriye mungguh para pangripta sastra Jawa modheren saiki? Seweneh ana kang ngandhakake yen para pengarang sastra Jawa modheren kesed sinau, ora gelem ngangsu kawruh lumantar wacan. Malah ana panemu maneh kang ngandhakake yen racaké para pangripta sastra Jawa modheren wegah maca, mliginé maca buku-buku umum, kayata filsafat, sosiologi, sejarah, lan antropologi kang gedhé banget paédahe tumrap oleh kasusastran.

Sajake ana benere pandugané sawenehing wong kang ngandhakake yen para pangripta sastra Jawa modheren kesed sinau lan wegah maca awit nyatané arang banget riptané kang katon manjilas. Owah-owahan ing bab *isi, tema,* lan *teknik pengolahan* arang banget tinemu ing kasusastran Jawa modheren. Pangripta kang *intelektualisme* katon apik mung siji loro, kayata Suparto Brata, Poerwadhie Atmodihardjo, Tamsir AS, Esmiet, lan Poer Adhie Prawoto. Dene pangripta liyané katon yen mung ngendelake bakat alami kang njalari ora ana owah-owahan tumrap reriptané.

6. Panutup

Kahaman rada munduré kasusastran Jawa modheren ing wektu iki, antarlaiya, marga juru riptané kurang mbudidaya ngundhakaké kawruhe, sungenk sinau, lan wegah maca kang mahanani *intelektualisme* ora ana kaundhakane. Para juru anggit sastra Jawa modheren katon yen mung ngendelake bakat alami. Tundhone, bakat kang tanpa undhak iku ndayani reriptané kang tanpa aji lan tanpa oleh kawigaten kang mirunggon. Kahaman kang mangkono iku uga mujudake *akibat* saka saya sudané para maos kang gelem nggatekake kasusastran Jawa lan langkané penerbit kang gelem *berkurban* lan *berspekulasi*. Mula saka iku,

juru anggit utawa pangripta minangka punjering kasusastran disuwun kersaa nambah sesurupan kanthi sinau lan maca amrih dadi warganing *kaum intelektual*. Semono uga para maos lan penerbit disuwun bisaa paring sumbang surung amrih kasusastran Jawa bisa maju lan ora nguciwani.

KAPUSTAKAN

- Brata, Suparto, 1983. *Jatuh Bangun Bersama Sastra Jawa*. Jakarta: Proyek Penulisan dan Penerbitan Buku/Majalah Pengetahuan Umum dan Profesi, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Echols, John M. dan Hasan Shadily. 1983. *Kamus Inggris-Indonesia*. Jakarta : PT Gramedia.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1976. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Ras, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: Grafiti Pres.
- Sadihutomo, Suripan. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Sastrowardojo, Subagio. 1971. *Bakat Alam dan Intelektualisme*. Jakarta: Pustaka Jaya.

WANITA JAWA ING NOVEL-NOVELE AG. SUHARTI *)

Asih

1. Bebuka

Ag. Suharti klebu salah sijining pengarang wanita ing kasusastran Jawa kang tinemu ing jaman sawise kamardikan. Senadyan ora *produktif* banget kaya sawetara pengarang wanita liyané (umpamane Yunani lan St. Iesmaniasita), Ag. Suharti wis ngripta novel utawa roman cacah loro. Sadurunge nulis novel, Ag. Suharti pancen wis tau nulis crita cekak ing majalah *Praba* kang terbit ing Ngayogyakarta, nanging kuwi wis dumadi suwe. Pengarang wanita kang lair ing Ngayogyakarta tanggal 23 Nopember 1920 iki olehe nulis crita cekak ing *Praba* taun 1950-an. Mula saka iku, *Anteping Tekad*, novele kang terbit taun 1975, mujudake karyane kang kapisan sawise suwe ora nulis crita.

Ing taun 1980, Ag. Suharti nyumbangake novel maneh marang jagading kasusastran Jawa. Novel kang uga diwetokake dening Balai Pustaka iku asesirah *Mendhung Kesaput Angin*.

Ras (1985:29) ana ing bukune, *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir* ngandhakake manawa Ag. Suharti duwe papan kang mirunggan ana ing jagading kasusastran Jawa. Papan kang mirunggan sing kepriye, ora diterangake kanthi jlentreh dening Ras. Ras mung nerangake yen *Anteping Tekad* klebu novel kang nggarap tema lawas, mung wae paragane wong modheren.

Tim peneliti saka Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta, ana ing asil panalite-ne, *Pengarang Wanita dalam Sastra Jawa Modern* (1984:236), ngandhakake yen novel *Anteping Tekad* karyane Ag. Suharti klebu novel kang digarap kanthi tenan. Tim penelitian iku nerangake yen *Anteping Tekad* niru cakriking novel *Ngulandara* karyane Margana Djajaatmadja (1940).

Kejaba Ras (1985) lan tim peneliti saka Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta (1984), durung ana ahli sastra liya kang mawas --senadyan mung satleraman-- karyane Ag. Suharti. Ras lan tim peneliti saka Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta iku wae mung ngrembug *Anteping Tekad. Mendhung Kesaput Angin* mung dikandhakake Ras minangka karyane Ag. Suharti kang diterbitake dening Balai Pustaka ing taun 1980.

*) Tulisan ini adalah pemenang II sayembara penulisan esai sastra Jawa modern yang diselenggarakan oleh Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta dalam rangka kegiatan Bulan Bahasa 1985.

Suripan Sadi Hutomo ing bukune kang asesirah *Telaah Kesusastraan Jawa Modern* (1975) durung nyenggol Ag. Suharti lan karyane sebab buku mau mung ngrembug novel, cerkak, lan geguritan antarane taun 1920 nganti taun 1974.

Bokmenawa isih ana tulisan liya kang ngrembug karyane Ag. Suharti, awujud skripsi apadene tulisan ing koran lan majalah. Nanging, amarga tulisan-tulisan wujud skripsi lan tulisan *populer* mau durung ketemu, ing kene ora di-kandhakake.

Novele Ag. Suharti, senadyan mung loro lan kalah akeh karo karyane St. Iesmaniasita, Suharsini Wisnu, lan Yunani, pantes dadi bahan pirembugan. *Anteping Tekad* lan *Mendhung Kesaput Angin*, senadyan cakrike isih kaya novel-novel Jawa jaman Balai Pustaka, tetep mranani utawa narik kawigaten tumrap kasusastran Jawa awit metune nalika kasusastran Jawa kasatan roman kang awujud buku.

Magepokan karo atur iku mau, ing tulisan kang prasaja iki bakal dirembug bab-bab kang ana sambung rapete karo wanita kang tinemu ing novel *Anteping Tekad* lan *Mendhung Kesaput Angin*. Acase ora liya mung kepengin weruh panemune Ag. Suharti tumrap wanita Jawa ing jaman modheren, lan kepriye kudune tindak trajange wanita Jawa iku.

2. Bakuning Crita

Novel *Anteping Tekad* (1975) apadene *Mendhung Kesaput Angin* (1980) padhadene nyritakake paragatama wanita kang bebara menyang Jakarta lan dadi wong kang kinurat.

2.1 *Anteping Tekad* (AT)

AT nyritakake paraga Indiah kang lunga tanpa pamit saka ngomahe amarga ora gelem dipeksa rabi dening wong towane. Tanpa pepoyan Indiah lunga menyang Jakarta. Tekan stasiun Gambir, Jakarta, Indiah ketemu Istinah, kancane ing desa biyen kang wis dadi bojon dhokter ing Kebayoran Baru. Indiah diampirake dening Istinah, nanging ora gelem. Indiah rumangsa isin ketemu kancane kang wis urip mulya. Mula, saka stasiun Gambir Indiah banjur .ngeblas menyang Bogor. Tekan Bogor jam 9.00,

Ana ing Bogor Indiah tanpa ancas lan tujuan kang maton. Nalika lagi bingung-bingunge, ana ing dalan Indiah nabrak sawenehing kenya kang aran Tati. Kenya iku banjur ngajak Indiah menyang omahe. Wiwit iku Indiah kang ngaku jeneng "Irah" manggon ing omahe kulawarga Bu Dibya. Durung nganti seminggu, Irah pindhah papan dadi rewange Bu Tarno.

Ing daleme Bu Tarno, Irah bisa urip kanthi tentrem senadyan mung dadi rewang. Bu Tarno ing Bogor ngasta dadi guru SMA, dene Pak Tarno, sadinadinane ngasta minangka karyawan perusahaan swasta. Ya ing daleme kulawarga Sutarno iku, Irah bisa tepung karo Suwarni (rewange Bu Tarno liyane kang duwe sesambungan katresnan karo Sukardi), bisa tepung karo Gimin (rewange Bu Tarno kang ora kanthi terus terang nresnani Irah), bisa tepung karo pemudha Sundoro (adhine Bu Tarno kang wis pepacangan karo Utami, nanging nyatane nresnani Irah lan Irah uga nanggapi, tresna marang pemudha kuwi), lan bisa tepung karo Sukri (mahasiswa, kancane Sundoro kang uga nresnani Irah lan kerep nggodha Irah). Ya wiwit kuwi Irah mbaka sethithik bisa nglalekake kasusahan kang disandhang saka ngomah.

Panyamarane Irah konangan dening Ir. Sundoro. Pemudha iku ora tegel weruh Irah -kang sabenerane arane Indiah- dadi rewang. Sundoro banjur menehi dhuwit lan layang marang Irah; isine layang kajaba pratela bab katresnan, uga panjaluk saka Sundoro supaya Indiah gelem lunga, ora dadi rewang maneh, lan tansah gelem sesambungan karo dheweke samangsa-mangsa Indiah nemoni rubeda.

Indiah pancen nresnani Sundoro, nanging dheweke uga rila menawa pemudha iku rabi karo pacangane kang arane Utami.

Indiah klakon lunga kanthi apik-apik saka daleme Bu Tarno, lan ninggal weling marang Sundoro supaya pemudha iku ngrengkuh Utami kanthi becik. Saka Bogor, Indiah mulih menyang daleme wong tuwane ing Ngayogyakarta saperlu tilik sadhela. Ing ngomah, Indiah ora suwe. Dheweke bali maneh menyang Jakarta, melu Dhokter Sujoko.

Kejaba dadi rewange Dhokter Sujoko, Indiah nyambi sekolah. Dheweke direngkuh kulawargane Dhokter Sujoko kaya dene kulawargane dhewe. Indiah duwe kanca anyar, yaiku Suparno, adhine Dhokter Sujoko kang nembe teka saka luar negeri.

Sawijining dina Indiah bebarengan karo kulawargane Dhokter Sujoko ngeterake Dhokter Sujoko kang arep tindak menyang Amerika Serikat. Ing lapangan montor mabur, Indiah ketemu karo Ir. Sundoro lan Utami kang uga arep tugas belajar menyang Amerika. Utami nalika iku katon rumaket banget marang Indiah.

Indiah nampa layang saka Utami. Isine layang mratelakake pangalembanane Utami marang Indiah kang duwe budi luhur. Utami janji, samangsa-mangsa anake lair wanita bakal dijenengi Indiah.

Ing Jakarta, Indiah bisa srawung maneh karo Ir. Sukri, kang wis duwe bojo nanging kepengin megat bojone lan arep ngrabi Indiah. Indiah uga duwe kanca aran Suwandana, tilas kancane ing SMP biyen.

Sawise sawatara wektu melu kulawargane Dhokter Sujoko, Indiah nampa layang saka Ir. Sundoro kang ngabarake yen Utami tilar donya. Krungu kabar iku, Indiah semapat.

Sabubare nampa layang saka Ir. Sundoro, Indiah kisruh atine jalaran nampa kabar saka bapake yen adhine kang lagi klas I SMP arep dirabekake karo gurune. Indiah uga dikon mulih saperlu arep diijabake karo Mayor Surono. Bebarengan karo kedadean iku, Suparno uga mratelakake katresnane marang Indiah. Indiah durung bisa menepi wangsulan sebab sebenere Suparno wis duwe pacangan aran Hartati. Indiah njaluk wektu telung minggu k- nggo mikir. Sadurunge wektu telung minggu iku entek, Indiah diparani Ir. Sundoro kang nedya nikah Indiah.

2.2 *Mendhung Kesaput Angin (MKA)*

Kadarwati iku prawan desa kang sekolah ing kutha. Ing wektu liburan, Kadarwati diijabake dening wong tuwane (Pak Hadiwiyoto) oleh Sumadi. Sumadi iku isih kapernah sedulure Pak Hadiwiyoto kang wis nyambutgawe ing Jakarta. Senadyan isih sekolah, Kadarwati tetep dinikahake. Mesthi wae Kadarwati rumangsa sedhih, nanging dheweke ora wani nduwa kersane bapake.

Nalika liburan entek, Kadarwati ora mlebu sekolah maneh, awit diboyong bojone kanthi peksan menyang Jakarta. Nalika semana Kadarwati lagi lara. Kadarwati rumangsa yen diloropake wong tuwane.

Suwening-suwe ana ing Jakarta Kadarwati bisa urip kanthi tentrem sebab Sumadi banget tresnane. Kadarwati wiwit bisa sesambungan karo ibu-ibu liyane. Tepungane Kadarwati saya akeh. Kala-kala dheweke nganakake arisan, olah raga, lan masak-masak bebarengan karo ibu-ibu (Jawa) liyane.

Sawijining dina, Kadarwati mertamu menyang daleme Nyonya Guritno saperlu nyilih jarit. Ing kono, Kadarwati ditepungake karo pemudha Sulistyو , adhi ipene Ny. Guritno. Tempuking netra antarane Sulistyو lan Kadarwati , njalari kekarone ketaman rasa asmara. Sabanjure Kadarwati karo Sulistyو kerep sapatemon lan nglairake panguneg-unege. Mesthi wae Sumadi ora ngerti kedadean iku.

Kadarwati crita marang Sulistyو yen anggone bebojoan karo Sumadi ora dilambari rasa katresnan, nanging kanthi peksan. Sulistyو rumangsa trenyuh krungu crita iku. Suwening-suwe Kadarwati lan Sulistyو padha aprasetya bakal urip bebarengan. Sumadi wusanane ngonangi tumindak Kadarwati sesambungan

karo Sulistyio. Kadarwati banjur dipegat. Kulawarga kang wis umur limang taun lan wis peputra siji iku kepeksa bubar. Satriyo, anake Kadarwati karo Sumadi, melu ibune.

Sulistyo sida ngijabi Kadarwati. Kanggo nyukupi butuh, Sulistyio nyambut-gawe dadi penyiar radhio lan nyambi dadi tukang cathut karcis. Panguripane kulawargane Sulistyio bisa wiwit tentrem. Nanging, nalika Kadarwati duwe momongan maneh (Sulistyowati), Sulistyio nyleweng. Sulistyio ngetengi prawan aran Partiningsih lan kepeksa ngrabeni. Saking judhege, Kadarwati lunga, anake loro digawa pisan. Papan kang dituju yaiku daleme tepungane kang asma Bu Onggo. Ing kono Kadarwati ketemu Baskoro, kancane kang wis tau ditresnani nalika isih sekolah ana Ngayogyakarta. Baskoro awèh pamrayoga marang Kadarwati supaya gelem rabi maneh. Kadarwati kandha yen tumrape adhat Jawa, ora pantes menawa wong kang tau pegatan pindhho banjur rabi maneh.

Walanda ngebroki tanah Jawa kanggo kang kaping pindhone. Bu Onggo, Baskoro, Kadarwati lan anak-anake ngungsi menyang daleme wong tuwane Baskoro ing Boyolali. Ing papan pangungsen, Kadarwati nyambi dagang cilik-cilikan. Anggone dagang suwe-suwe rada gedhen lan nganti tekan Jakarta. Malah Kadarwati tau ketemu karo Sulistyio nalika numpak sepur menyang Jakarta lan sepure tekan Purwokerto. Sulistyio wektu iku dadi tukang mriksa layang-layang bukti dhiri. Sawetara kuwi, Baskoro melu berjuang nglawan penjajah.

Ing pungkasaning taun 1946, pamarentah republik kang ana ing kutha Ngayogyakarta bali menyang Jakarta. Baskoro, Kadarwati lan anak-anake Kadarwati uga bali menyang Jakarta maneh. Dene Bu Onggo seda ing pangungsen. Nalika mulih menyang Jakarta, Baskoro wis duwe pangkat Letnan Kolonel. Baskoro nganggep Kadarwati kadidene sedulure dhewe senadyan panglamare Baskoro marang Kadarwati tau ditolak. Baskoro melu nggedhekake Satriyo lan Sulistyowati .

Nalika Kadarwati ngancik umur 42 taun lan rambute wiwit ana sing putih, Kadarwati diajak rujuk maneh dening Sulistyio kang wis dadi dhokter lan uga duwe titel Sarjana Hukum. Sulistyio wis dadi wong kang mapan. Ketemune Kadarwati lan Dhokter Sulistyio, S.H. iku alelantaran anak-anake. Baskoro duwe pacangan aran Susilawati, anake Sulistyio karo Partiningsih.

3. Trajange Wanita Jawa Minangka Paragatama ing AT lan MKA

Sari pathine crita kang tinemu ing novel *AT* lan *MKA* ora liya crita ngenani wanita Jawa kang nyoba ngudi lan murih jejege jatidhirine ing tengahing kulawarga kang isih tradhisional lan ing lingkungan kulawarga Jawa ing papan liya.

Indiah prasasat uripe niba tangi, uwal saka kasangsaran sing siji, lumebu kasangsaran liyane. Mung kanthi sangu ati kang jujur lan karep kang madhep mantep, Indiah bisa ditampa dening wong-wong liya kang sabanjure bisa nulung dheweke golek panguripan kang luwih becik. Senadyan apa kang dialami Indiah iku bisa diarani nasib kang becik, ewasemono ora bisa pisah karo tekade Indiah dhewe kang tansah kupiya murih becike panguripane. Bab iku bisa disemak saka *monolog*-e Indiah nalika isih ana ing daleme Bu Tarno.

Saiki kowe duwe gegayuhan kepengin nglumpukake dhuwit, kang perlu kanggo nggayuh idham-idhamanmu. Kuwi antepana. Sapa weruh, senjata direwangi mrambat-mrambat, sarampunge kowe saka SMA banjur bisa nerusake ana ing salah sijining akademi lan wusanane bisa nggondhol titel sarjana. Kowe bakal oleh kesempatan kaya pemudhi-pemudhi liyane, bisa mabur ing gegana, lunga menyang negara manca, mung jalaran saka gedhe lan kencenging tekad lan prihatinmu. Apa kowe ora bakal ngrasa mongkok sagedhening gunung Merapi, Indiah? Ah, apa satemene bae sing dadi idham-idhamanku? Apa aku kepengin arep dadi pramugari, dadi sekretaris kedutaan, dadi wartawan . . . ah mula aku duwe watak ambisius !

(AT, kaca 27)

Ing daleme Bu Tarno, Indiah pancen mung rewang, nanging ing papan mau bisa ngenam samubarang.

Nalika Indiah dadi pamomong ing daleme Dhokter Sujoko, rancangane Indiah wiwit bisa kaleksanan. Indiah bisa nyambi sinau ing SMA. Pancen Indiah kepeksa ora nerusake pasinaone, amarga banjur diajak rabi Ir. Sundoro kang nembe ditilar donya bojone. Ewa semono, Indiah tetep duwe semangat kang makantar-kantar murik becike panguripane supaya bisa laras karo bojone kang duwe titel insinyur.

"Kiraku manawa kowe mung kepengin lulus SMA bae kowe bisa njupuk kursus lan bisa njaluk biyantu Bu Tarno. Senajan ing Bogor kene ora jembar lapangne yen ditimbang karo Jakarta nanging ing kene kowe isih bisa nyambi njupuk kursus basa Inggris, Jerman, lan Perancis. Karo maneh wong pinter iku ora mung bisa digayuh sarana ngleboni sekolah dhuwur. Nanging pengalaman lan jembaring sesrawungan, iku bisa dibimbing marang wong duwe pandangan maju."

"Hiya aku seneng banget nambah kawruh basa-basa iku, sokur yen panjenengan iya malah maringi pambiyantu "

(AT, kaca 199)

Paraga Kadarwati kang tinemu ing *MKA* pancen kekendelane ora kaya Indiah ing *AT*, nanging uga klebu paraga kang wani njupuk keputusan dhewe. Kadarwati ora bisa suwala nalika dijabake karo priya kang durung tau tepung,

kamangka anggone nikahake mau tanpa taren karo sing bakal nglakoni, yaiku Kadarwati dhewe. Nalika dinikahake, Kadarwati isih sekolah. Kanthi peksan, Pak Hadiwiyoto --ya wong tuwane Kadarwati-- ngijabake Kadarwati karo priya kang isih rada sedulur, aran Sumadi. Kadarwati uga mung manut lan pasrah nalika diboyong menyang Jakarta. Ing batin sejatine Kadarwati njerit lan sesambat, nanging laire manut kaya kebo dikeluhi.

Ing Jakarta, nganti peputra siji Kadarwati isih kuwat nahan ganjelane atine. Nanging nalika dheweke tepung karo sawenehing pemudha aran Sulistyو --kang narik kawigatene-- krodhaning atine ora bisa disuyuti. Kadarwati ing wektu iku lagi bisa ngrasakake rasa nresnani lan ditresnani. Karo Sumadi, Kadarwati mung rumangsa ditresnani, ora bisa nresnani.

Bareng bisa sesambungan katresnan karo Sulistyو, Kadarwati duwe tekad wani ngadhepi apa bae kang bakal kelakon. Mula nalika Sumadi megat dheweke Kadarwati ora sedhik lan ora gantalan suwe banjur nikah karo Sulistyو. Semono uga bakda Sulistyو slingkuh lan ngetengi Partiningsih, kanthi abot Kadarwati ndhadha *resikone*. Kadarwati trima nglungani Sulistyو tinimbang diwayuh. Anake loro pisan digawa kabeh.

Ing kahanan kang sarwa ribet kaya nalika Walanda njajah Indonesia maneh, Kadarwati tetep nyoba ngadhepi pepalang kanthi tatag. Dheweke uga melu ngungsi menyang Jawa Tengah bebarengan karo kulawarga kang dipondhoki (Bu Onggo). Ana ing papan pangungsan, Kadarwati bebakulan kanggo nyukupi kebutuhane dheweke lan anak-anake. Nganti swasana aman maneh, Kadarwati tetep puguh ora gelem rabi. Dheweke milih nggedhekake lan ndhidhik anak-anake tinimbang nuruti kasengane dhewe.

Malah Bu Sosro, kang salawase sesrawungan karo Kadarwati wis mahami watak wantune, nayogyani yen Baskoro banjur arep ngopeni wanita kang nalika isih kenyane mula wis ditresnani. Nanging Kadarwati tansah eling uripe sing wingi-wingi, kebak pait getir iku. Sapa sing naggung, manawa dheweke omah-omah maneh uripe bakal bisa tentrem lan seneng. Senajan ta dadi sisihane Baskoro, priya kang duwe budi luhur iku? Baskoro saiki dadi anggota angkatan perang, pangkat Mayor. Ora suwe maneh bisa mundhak pangkat Letkol lan banjur Kolonel. Apa ora luwih pantes manawa dheweke banjur milih kenya isih murni? Manawa dheweke nganti gagal bakal dicap, wong wadon kang wis asor morale. Mula senajan abot rasaning ati, Kadarwati kepeksa ora bisa nglangani kekarepane Baskoro kang tulus murni iku.

(MKA, kaca 95)

3.1 "Ndhobrak" Tradisi

Adhedhasar trajange paragatama ing novel *AT* lan *KMA* kaya kang kaandharake iku, bisa kapratelakake manawa wanita kang dadi paragatama ing novel-novel mau klebu wanita kang wani "ndhobrak" tradhisi.

Indiah ing *AT* ora gelem dirabekake wong tuwane senadyan karo dhudha kang sugih pisan. Indiah malah lunga tanpa pamit lan golek gawean menyang Jakarta. Senadyan anggone golek gawean kasurang-surang, kanthi ati kang madhep mantep dikantheni kajujuran, wusanane Indiah kasil urip tentrem lan kepenak. Ing paran Indiah kasil ketemu karo priya pilihane dhewe. Uripe karo priya pilihane dhewe mau bisa mahanani uripe Indiah luwih tentrem ayem.

Paraga Indiah ing *AT* mujudake wanita Jawa kang *progresif* lan duwe wawasan modhern. Indiah wani "ndhobrak" tradisi kawin peksan kang isih tinemu ing masyarakate. Lan Indiah nyatane wani ngadhepi samubarang pepalang kang ngalang-alangi lakune sawise dheweke oncat saka *lingkungane*. Ewosemono Indiah tetep nugemi watak kang utama tumrap wanita Jawa, kayata watak eklas, nrima, jujur, lan *tabah*.

Indiah trima dadi rewange Bu Tarno, ananging rasa nrima mau tansah dikantheni pangenaming pikir kang luwih luhur. Indiah eklas ngeculake Sundoro kang ditresnani nikah karo Utami. Sasuwene dadi rewange Bu Tarno lan dadi pamomong ing daleme kulawarga Dhokter Sujoko, Indiah ora tau tumindak nistha. Indiah uga *tabah* ngadhepi pacoban-pacoban kang teka, kayata nalika digodha Sukri lan dadi rewange kulawarga Sutarno.

Paraga Kadarwati saka novel *MKA* klebu paraga kang kurang kendel olehe "ndhobrak" tradhisi. Dheweke sejatine ora sarujuk marang patrape wong tuwane kang nikahake dheweke karo priya kang durung diwanuhi, nanging Kadarwati ora wani tumindak mbedhal. Senadyan atine bangga, Kadarwati mung manut nalika dipeksa nikah. Dheweke ora kepengin gawe kuciwane wong tuwane. Nanging, nalika ana kalodhangan kanggo bangga, Kadarwati wani tumindak. Sawise tepung karo pemudha Sulistyو kang mranani atine, Kadarwati wani tumindak *progresif*. Apamaneh nalika Sumadi, bojone, duwe karep megat dheweke, Kadarwati ora rumangsa gigrig Kadarwati trima ngeboti Sulistyو senadyan kudu urip prasaja.

Ing sarehne Sumadi dhewe wis kawetu arep megat dheweke, dheweke hiya ora kabotan. Malah banjur rumangsa lega. Dheweke wis mbuktekake darma bekti lan wedi asihe marang wong tuwane. Saiki dheweke wenang milih dalane dhewe, menawa dalan kang digarisake dening wong tuwane iku pranyata ora bisa menehi kabegjan dheweke.

(*MKA*, kaca 45)

Pancen ora akeh tandange Kadarwati kang asipat "ndhobrak" tradhisi. Kerep-kerepe yen ana lelakon kang kasandhang, Kadarwati mung pasrah lan nrima senadyan dikantheni ati tawakal lan kupiya golek dalan luar.

Kadarwati milih urip dhewe lan misah, bareng Sulisty, ngetengi prawan liya. Kadarwati emoh diwayuh. Dheweke uga puguh omah-omah maneh, sebab duwe karep njaga dhiri pribadine. Tumrap Kadarwati kang ngugemi adat Jawa, ora pantes menawa wanita kang wis pegatan pindho omah-omah maneh.

3.2 *Wanita Mandhiri*

Indiah ing *AT* lan Kadarwati ing *MKA*, kekarone klebu wanita Jawa kang mandhiri utawa bisa mandhiri.

Mung kanthi sangu ati mantep lan ijazah SMP, Indiah nglungani wong tuwane. Wiwitane Indiah trima dadi rewang ing Bogor. Sabubare nyambutgawe dadi rewang, Indiah dadi pamomong putrane kulawarga Dhokter Sujoko.

Pakaryane Indiah pancen mung dadi rewang lan pamomong, nanging lumantar pakaryan iku dheweke bisa golek asil, uripe saya luwih becik lan mardika (ora diatur wong tuwane). Ing sela-selaning tumandang gawe, Indiah isih kober nggilgake tekad ngangsu kawruh murih becike penguripane.

Kadarwati uga wanita Jawa kang bisa mandhiri, ora gumantung kakunge. Sajrone dadi sisihane Sumadi apadene Sulisty Kadarwati mung mligi masak lan ngrumat anak-anake. Sawise pisah karo bojone lan kudu nguripi anak loro, Kadarwati kepeksa golek penguripan dhewe. Kadarwati ora duwe ijazah kanggo sarat nyambutgawe ing kantor, sebab nalika dipeksa rabi, sekolahe durung tamat. Mula ora ana liya pakaryan kang bisa ditindakake kejaba dagang. Nalika kahanan lagi sarwa ribet amarga Walanda ngebrosi Indonesia maneh, ing papan pangungsen Kadarwati isih kober dagang maneh. Malah olehe dedagangan nganti tekan Betawi, kamangka papan pangungsene ana ing tlatah Sala. Kanthi mengkonos cetha menawa Kadarwati bisa urip lan nguripi anake loro tanpa pambiyantune wong liya, mligine wong lanang kang dadi bojone.

4. *Paraga Wanita Liyane*

AT lan *MKA* karangane Ag. Suharti duwe paraga wanita kang akeh. Kajaba paragatama kang mesthi wanita, isih ana paraga wanita liyane kang tansah tinemu ing saben *episode*.

Kejaba Indiah, ing *AT* tinemu paraga wanita Ny. Sutarno, Ny. Sujoko, Istinah, Suwarni, lan Tati. Mungguh trajange para paraga mau asipat nyengkuyung trajange Indiah minangka paragatama.

Ny. Sutarno utawa Bu Tarno kerep sesambungan karo Irah (Indiah) nalika

Irah dadi rewange. Bu Tarno duwe watak sabar lan wicaksana. Kajaba ngrengkuh Irah kanthi becik, Bu Tarno uga ora ngluputake Irah, apa maneh nganggep batur. Bu Tarno sih banget marang Irah.

Paraga wanita Ny. Sujoko, yaiku wong kang dingengeri Indiah sawise pindhah saka daleme kulawarga Sutarno. Ny. Sujoko kajaba tresna banget marang Indiah, panjenengane uga sabar lan tansah nggatekake kahanane Indiah. Bu Joko tansah paring panglipur yen Indiah lagi ketaman susah. Kajaba iku, Ny. Sujoko uga tansah ngayomi Indiah. Yen Indiah lelungan Suparno, adhi ipene Ny. Sujoko, mesthi dikon ngancani.

Istinah iku kancane Indiah kang nalika Indiah tekan Jakarta sepisanan wis dadi bojon dhokter. Istinah klebu wanita kang grapyak, ora sombong sajroning pasrawungan.

Dene Suwarni, wanita kang tau bebarengan dadi rewang karo Indiah ing daleme Bu Tarno, kerep duwe panemu kang cengkah karo panemune Indiah. Suwarni ora duwe sipat mandhiri sebab dheweke luwih seneng rabi oleh dhudha tinimbang ngangsu kawruh. Suwarni wedi dadi prawan kasep.

Tati mujudake paraga kang becik bebudene sebab gelem nulung Indiah nalika Indiah lagi bingung. Sanadyan ing crita mung kocap sadhela, Tati gedhe lelabuhane tumrap Indiah.

Ing novel *MKA*, paraga wanita liya kajaba paragatama, yaiku Ny. Guritno, Bu Onggo, Sajem, lan Sulistyowati. Ny. Guritno iku kancane Kadarwati ing pakumpulan ibu-ibu. Ny. Guritno klebu kanca kentele Kadarwati ing Jakarta. Dheweke duwe watak kang ora akeh sungsate karo watake Kadarwati.

Bu Onggo, yaiku warandha tuwa kang nulung Kadarwati nalika Kadarwati lan anak-anake ora duwe papan pangauban ing Jakarta. Pakaryane Bu Onggo dagang jarit. Nganti tekan patine ing papan pangungsen, Bu Onggo melu ngopeni anak-anake Kadarwati.

Sajem, rewange Kadarwati, klebu rewang kang bekti marang bandarane. Nalika Kadarwati isih dadi bojone Sumadi, Sajem wis melu. Kanggo sawetara, Sajem ora dadi rewange Kadarwati, yaiku wiwit Kadarwati pisahan karo Sumadi. Kadarwati ketemu Sajem maneh nalika ngungsi menyang Boyolali. Wusanane Sajem ngabdi Kadarwati maneh.

Putrine Kadarwati kang aran Sulistyowati mujudake putri kang bekti marang ibune, banget kurmate, lembah manah, lan seneng guyon.

Paraga-paraga wanita ing novel *AT* lan *MKA* --kajaba paragatama-- ora duwe sipat kang *dinamis*. Paragatama kang *dinamis* iku batine sarta panguripane

tansah owah. Dene paraga wanita liyane mung duwe watak kang ajeg lan panguripane ora owah gingsir.

Paraga-paraga wanita tambahan ing novel *AT* lan *MKA* pancen racake uga ngugemi adat Jawa, nanging ora nuduhake sifat kang *progresif*, wani "ndhobrak" tradhisi lan mandhiri. Sajake, paraga-paraga wanita mau mung dhapur kanggo ganep-ganep wae, ora dadi sarana kanggo ngudhar gagasan tumrap pangripta. Gagasan kang ginelar mung lumantar trajange, wawan rembuge, lan tindak tanduke paragatama mau.

5. Dudutan

Gegambaran tumrap wanita Jawa kang dikarepake Ag. Suharti ing karya-karyane, *AT* lan *MKA*, bisa kasemak ana ing paragatamane. Gegambaran mau awujud wanita Jawa kang mandhiri lan wani nrajang tataning tradhisi kang ngalang-alangi ajuning wanita Jawa. Tandange wanita mandhiri lan wani "ndhobrak" tradhisi mau nyatane ora perlu ninggal laku utawa kang awujud alusing budi (lumantar basa lan tindak-tanduke). tabah lan tawakal sajroning pacoban, pasrah lan nrima marang pacoban kinanthenan budidaya amrih uwal saka kahanan kang ora nyenengake, lan tetep ngajeni marang sapa wae kang luwih tuwa.

Indiah lan Kadarwati minangka paraga kang kanggo nggelarake gagasaning pangripta ana ing *AT* lan *MKA* iku mujudake wanita Jawa kang mandhiri lan wani "ndhobrak" tradhisi. Ewasemono, wanita iku isih ngugemi tindak utama kang tinemu ing kabudayan Jawa. Tindak utama iku katon saya cetha samangsa paragatama jumedhul kinanthenan paraga-paraga liyane kang racake isih teguh olehe ngecakake piwulange para leluhur, kayata paraga Ny. Sutarno, Ny. Sujoko, Istinah (*AT*), Bu Onggo lan Ny. Guritno (*MKA*). Paraga-paraga tambahan iku racake asipat sumeh, seneng tetulung marang liyan banget sih katresnan lan banget pangrengkuhe marang liyan.

Yen kawawas saka babagan *sosial*, paragatama ing novel *AT* lan *MKA* nggambarake trajange wanita Jawa kang nedya ngundhakake wuluwetuning pakaryan lan *status sosial*-e. Tujuane kang kawitan pancen mung kepengin urip kang luwih becik awit kadereng kahanan (Indiah lunga saka ngomahe lan Kadarwati diboyong dening bojone). Nanging, mboko sethithik paragatama mau tansah mbudidaya amrih uripe saya kepenak. Pepenginan iku bisa kasembadan kanthi budi daya kang abot, Indiah kang wiwitane dadi rewang lan pamomong, amarga tepung karo wong-wong kang tatanan *sosial*-e padha karo bendarane, wusana bisa dadi bojone sawijining insinyur (Sundoro). Dene Kadarwati, kang sadurunge trima dadi korbaning tradhisi, bisa uwal saka paugeraning tradhisi. Sakawit Kadarwati pancen kudu wani nampa pacoban amarga mbedhal saka tradhisi masa nanging wusanane bisa ketemu lan rujuk karo sisihane sing kapindho sing wis

dadi wong cukup, dhuwur pangkate, lan nyandhang titel dhokter sarta Sarjana hukum (Sulistyo).

Novel *AT* lan *MKA* yen disemak isine pancen isih kaya novel-novel Jawa lan novel-novel basa Indonesia jaman Balai Pustaka kang racake isi "pandhobran" tradhisi kang ditindakake para mudha kang kasil ngangsu kawruh ing pamulangan modheren. Senadyan mengkono, *AT* lan *MKA* klebu crita kang nengsemake awit migunakake basa Jawa kang modheren lan paraga-paragane, "gaya hidup"-e, lan lingkungane panguripane uga modheren.

CATHETAN

1. Karyane Ag. Suharti ing minggu *Praba* kang dhisik dhewe tinemu ing *Praba* nomer, 20 tanggal 20 Oktober 1956 lan *Praba* nomer 2, tanggal 5 November 1956.

KAPUSTAKAN

- Padmapuspita, Asia. 1980. "Analisis Struktural Novel-novel Jawa". Yogyakarta : Fakultas Keguruan Sastra Seni IKIP.
- Ras, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: Grafiti Pres.
- Sadi Hutomo, Suripan. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Sri Widati dkk. 1984. "Pengarang Wanita dalam Sastra Jawa Modern". Yogyakarta: Proyek Penelitian Bahasa dan Sastra Indonesia dan Daerah.
- Suharti, Ag. 1975 *Anteping Tekad*. Jakarta: Balai Pustaka.
- 1980. *Mendhung Kesaput Angin*. Jakarta: Balai Pustaka.



ANDI OFFSET